

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Jamintoran 1

R. Ng. Yasadipura I

irektorat
dayaan

partemen Pendidikan dan Kebudayaan

899 724A
YAS

MENAK JAMINTORAN
I

MENAK JAMINTORAN

1

Oleh

R. NG. YASADIPURA I

Alih Bahasa dan Alih Aksara

Oleh

WIRASMI ABIMANYU

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka

BP No. 1176

Hak Pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan melengkapi dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

1. Prabu Atasaji Nusul Igkang Eyang Dhateng Paprangan	11
2. Prabu Uktur Sawadya Balanipun Dipuntumper Dening Wong Agung	18
3. Ngraosi Wawatekanipun Prabu Gulangge	27
4. Prabu Sayid Ibningumar Dipun Aturaken Wangsul Dhateng Wong Agung	40
5. Prabu Gulangge Adhep-Adhepan Kaliyan Wong Agung	45
6. Prabu Gulangge Teluk Dhateng Wong Agung	52
7. Raraosan Badhe Lairipun Nabi Rasul	65
8. Pasareanipun Nabi Sulaiman	76
9. Sesupenipun Nabi Sulaiman	82
10. Dewi Julusulasikin Raja Putri Ing Jamintoran Gerah ..	88
11. Pangeran Kelan Ambebedhag, Kesasar Dhateng Taman Iskandar, Nagari Jaminigrab	98
12. Pangeran Kelan Kasumerepan punggawa jamintoran ..	104
13. Pangeran Kelan Kepanggih Dewi Sulasikin	115
14. Pangeran Kelan Kabekta Dhateng Jamintoran	121

KATA PENDAHULUAN

Buku seri Menak ini berjudul *Menak Jamintoran*. Jilid ke - 1 mengisahkan usaha besar-besaran untuk melebarluaskan agama Ibrahim yang mendahului agama Islam Nabi Muhammad saw.

Prabu Gulangge, raja di Rokam, kesohor kesaktiannya dan halus budinya sesungguhnya sudah menggunakan agama Ibrahim. Ia ingin sekali-sekali bertemu dengan Wong Agung Amir Hamzah, untuk mengadu kesaktian pada lahirnya, pada batinnya ia mau saresahan dengan Wong Agung. Ia memiliki macam-macam buku yang antara lain ada yang memuat ramalan tentang kelahiran Nabi Muhammad saw.

Di samping itu dikisahkan pula pengalaman Pangeran Kelan putra Wong Agung, tatkala ia berburu dan terpisah dengan para perjuritnya. Terpikat dengan dijumpainya seekor kijang hijau ia tersesat sampai di Jaminigrab. Di Taman Iskandar ia berjumpa dengan Dewi Sulasikin.

Penyajian Buku ini pertama terjemahannya dalam Bahasa Indonesia, baru kemudian disusul aslinya setelah di alih aksarkan.

Mudah-mudahan buku ini dapat bermanfaat bagi para pembaca.

Penyunting

1. PRABU ATASAJI NUSUL INKGANG EYANG DHATENG PAPRANGAN

Pangkur:

1. Lajeng sumiweng ngajengan,
wau sira Dipati Guritwesi,
anuju kang aneng ngayun,
Wong Agung Parangteja,
Raja Salsal wau kang tansah tinantun,
kasaru ing lampahira,
Adipati Guritwesi.
2. Umatur ing solahira,
inggih estu ing Rokam rame jurit,
putra paduka pukulun,
awit ngawaki ing prang,
Ki Bakdingujaman lan Gulangge Prabu,
sampun prang patbelas dina,
dereng wonten sor ing jurit.
3. Nanging pun Gulangge Raja,
estu tetep kadi loking pawarti,
ambeke manah rahayu,
kadi mukmin pandhita,
yudanipun lan putra tuwan pukulun,
wawrate dereng sinuntak,
pinartiga den ngengehi.
4. Mung kalih duman kang medal,
kang saduman kang maksih den simpeni,
asanget pangowelipun,
dhateng ki putra Kelan,
yen sampuna tinantang ing saben esuk,
pun Gulangge boten sedya,
inggih angladosi jurit.
5. Pun adhi Lamdahur aprang,

- linadosan saduman kuwatneki,
kang rong duman boten metu,
prandene Rajeng Selan,
rengkeng-rengkeng tan kuwawa males mupuh,
Maliyatkustur pra samya,
amales datan kuwawi.
6. Pun Diwana pun Siwana,
Rajeng Sarsit naksanakipun nenggih,
swargi rayinta pukulun,
ni Dewi Kelaswara,
mila bingung ki putra bramantyanipun,
pejahe kalih punika,
mila temah angawaki.
7. Lawan pun Gulangge pejah,
ing Rokami Ngrokami tanah Ngindi,
gangsals prajurit kasambut,
tri pejah kalih gesang,
putra tuwan pun Ibnungumar pukulun,
kalangkung sinuba-suba,
pan rinaja-raja siwi.
8. Tur nunggil sapadmasana,
saenggennya tan pisah denya linggih,
benjing yen prapta pukulun,
tuwan ngaturken nulya,
Nateng Kaos pun Ibnungumar puniku,
kang nyidra wayah paduka,
mantune Gulangge Aji.
9. Kukum sampun pinejahan,
wayah tuwan kang kinen amejahi,
duk myarsa atur Wong Agung,
ngadeg sami sakala,
andodonga minta ring Sang Maha Luhur,
tuluse ing kanugrahan,
Gulangge dadia kanthi.

10. Aturipun Umarmaya,
dedeg satus suwidak gas respati,
badan kawula pukulun,
datan suka tebiha,
pan sinangga wonten ngepek-epekipun,
gumer gujenge pra nata,
mesem Sang Surayengbumi.
11. Ngandika ing Raja Salsal,
yayi Salsal kaya pa mungsuh iki,
Gajimandalika Uktur,
lawas nora metu prang,
ana paran Raja Salsal nembah matur,
wingi telik amba prapta,
punika badhe miyosi.
12. Pakering yayi punika,
inggi dhateng Nateng Rum Burudangin,
Gajimandalika Uktur,
tan purun pejah risak,
nadyan pejah jisime maksiha wutuh,
sinten jisime kang wetah,
prang lan Nateng Burudangin.
13. Gumujeng Ki Umarmaya,
ora weruh yen maksih ana kari,
wong ngejurken bangke iku,
alah iya kang lunga,
yayi Burudangin dene Marmayeku,
Uktur Gajimandalika,
sun gosong bangkemu benjing.
14. Iku denyarsa metu prang,
ngrungu lamun yayi Ngrum Burudangin,
lunga ngiring putranipun,
ya Ki Bakdingujaman,
yayi emas Parangteja tetapiipun,
Gulangge tyase sampurna,

mantu telu den tumpesi.

15. Pinangan palurante mas,
pratingkahe Nateng Rum Burudangin,
Raja Ungkadi ing Burtun,
mantu ingkang panuwa,
Nateng Turgan Raja Kasinggi ranipun,
Nglimaya Raja Wuskahar,
tumpes de Sri Burudangin.
16. Kang padha nanggulang lampah,
nagarane kang badhe den liwati,
maring atmajanireku,
kaki putra ing Kelan,
tanpa rewang bedhahe nagri katelu,
kaliwat metu bramatnya,
yayi ing Rum Burudangin.
17. Prandene Prabu Gulanggya,
Ngela-ela mring Prabu Burudangin,
aja susah Prabu ing Rum,
sira temu lan ingwang,
dumeh sira numpes para mantuningsun,
awite bramathanira,
saking luput sun ing ngriki.
18. Tingkahe Unuk Marjaban,
mantunira Sang Rajeng Kaos iki,
den cidra aneng wana gung,
kinenakken ing kemat,
iya iku marmane tarimaningsun,
heh Ratu Tasangsulngalam,
dadia sudara mami.
19. Ngungun wau duk myarsa,
mring Gulangge kadya oneng pawestri,
kacaryan ing wartanipun,
ambeke Sri Gulanggya,

angandika yayi Parangteja ingsun,
mung si Gajimandalika,
sida metu ing ngajurit.

20. Yen ana pitulunging Hyang,
marang sira kasora ing ngajurit
Gaji Mandalika Uktur,
sagung prajurit kuda,
dek aepak numpes sabalane Uktur,
kang padha amangan janma,
ingapura nora keni.
21. Sandika Wong Parangteja,
tan kawarna dalu wuwusen enjing,
Gajimandalika Uktur,
tengara metu ing prang,
sampun andher neng papan prajuritipun,
punggawa baris akapang,
nimbangi wong Puserbumi.
22. Tengara kang para nata,
mijil barisira pramodeng jurit,
baris kalangan atepung,
wau wus aneng papan,
sira Prabu Gajimandalika Uktur,
mijil saking pasanggrahan,
Wong Agung Surayengbumi.
23. Munggeng ngamparan kancana,
Arya Maktal Dipati Guritwesi,
Raja Salsal lan Tamtanus,
kang datan keni tebah,
Yusupadi Iskal Iskalan puniku,
Raja Sadat Kadarisman,
Ukman miwah Sarkab Turki.
24. Wau sagung para nata,
aglar munggeng ngarsa saos ing jurit,

prajurit kuda pan sampun,
jibeg ing keru kanan,
pan kasar wau ingkang lagi rawuh,
saking nagari Kupauman,
Sri Bathara Atasaji.

25. Anusul marang kang eyang,
awatgata jujuk madyaning jurit,
lir samodra wadyanipun,
kinen apamondhokan,
prajurite punggawa lan para ratu,
binakta maring payudan,
tumameng nguswa padeki.
26. Rinangkul marang kang eyang,
ngaturaken Bathara Atasaji,
bektine para garweku,
miwah ta ingkang salam,
prameswari Nyai Ageng embah buyut,
andheku anekem sirah,
Wong Agung Surayengbumi.
27. Wau ta tedhak sang nata,
busana wus kapraboning ajurit,
Gajimandalika Uktur,
munggeng wahananira,
awak macan kang sirah dipangga agung,
gada wrat rongewu dhomeas,
kati mas mangsah pinandhi.
28. Aneng papan anjenggarang,
sumbar-sumbar gumleger angajrihi,
wong Ngarab saparsa lampus,
papagen tandangingwang,
mobat-mabit telalene Sanga Prabu,
lan telalene tunggangan,
pating kalabet marengi.

29. Wong Agung Surayengbumi,
mundhut kuda sampun sumaos ngarsi,
Askarduwijan pan sampun,
samakta binusanan,
sigra tedhak saking ngamparan Wong Agung
anitih Sekarduwijan,
mangsah tan nedya ngunduri.

2. PRABU UKTUR SAWADYA BALANIPUN TUMPÈS DENING WONG AGUNG

Durma:

1. Pan gumuruh wurahan surak gumerah,
yayah nengker wiyati,
wus prapteng payudan,
mider agebyar-gebyar,
Sekarduwijan anirig,
ayun-ayunan,
wong apa sira prapti.
2. Lingira Sang Uktur Gajimandalika,
nora agung lan inggil,
wani metu ing prang,
mapag wakku ring ngarsa,
Wong Agung alon nauri,
iki kang aran,
Kalana Jayengmurti.
3. Kang paparab Wong Agung Surayengjagat,
wau duk amiyarsi,
guguk gujengira,
mungkur agidrah-gidrah,
lenggak-lenggok ngolang-ngaling,
agiyak-giyak,
anggereng ngentrog wentis.
4. Laup-laup gobras-gabres gora godha,
tegeše sira iki,
si Surayengjagat,
nora gagah prakosa,
anglengkara sira iki,
wani mapag prang,
maringsun kudu mati.
5. Atur lalap mring si Gajimandalika,

Wong Agung anauri,
nora eram mulat,
marang kang kaya sira,
yen misih Pangeran mami
ngreksa maringwang,
awuwuha sakethi.

6. Brekasakan ratu ingkang kaya sira,
rereged ing sabumi,
apa yen ulapa,
gedhe dhuwur ta sira,
nanging setan luwih mukir,
kadadenira,
dudu janma sayekti.
7. Nora ana manusa jrih brekasakan,
payo gadaa aglis,
sugal wuwusira,
Sri Gajimandalika,
pepedhep sireki gecil,
sun tibanana,
estu luluh lan bumi.
8. Gadaningsun pan iki liwat babaya,
rongewu dthomas kati,
ajur sira bakal,
yen nora ngelmu kemat,
paneguhaning ngajurit,
cidra prang kemat,
mangsa ngasorna mami.
9. Lamun sira lumaku sun dhinginana,
manawi nuli mati,
dadi sira nora,
kongsi gada maringwang,
mangsa wurunga mor siti,
alon lingira,
Risang Amir Mukminin.

10. Nadyan silih mangkonoa ingsun temah,
lah iya den pakeling,
sigra muter gada,
Sri Gajimandalika,
gumuruh balanireki,
surak agiyak,
wong ika mengko mati.
11. Mangsa wurung ajura kalawan lemah,
sapa kelar nadhahi,
ratu ngalam donya,
gadane Gustiningwang,
Wong Agung Surayengbumi,
tangkis legawa,
ginada ing Sang Aji.
12. Kadya gelap sakethi barung angampar,
kuwat denya nadhahi,
murub paris waja,
ngaladi kang dahana,
mring Wong Agung Jayengmurti,
asenggak-senggak,
mati lah Bagenda Mir.
- 13.. Agni mumbul kinirab parisamira,
muntab marang wiyati,
pan kumantar-kantar,
nibani bala kuswa,
geger ingkang sami baris,
kena pawaka,
mangkana Jayengmurti.
14. Katingalan marang Prabu Mandalika,
maksih urip sireki,
sun nyana wus sirna,
ajur amor lan lemah,
tuhu yen sira prajurit,
kelar anangga,

tibane gada mami.

15. Angling Raja Uktur Gajimandalika,
malesa Bagenda Mir,
iya den prayitna,
Wong Agung muter gada,
angadeg Sang Jayengmurti,
luhuring kapa,
ginada Sri Bupati.
16. Tangkisira Uktur Gajimandalika,
aneng ing sirahneki,
tutungganganira,
ngayuh denira gada,
jumbret sigar kapalih,
titihanira,
katenggel ing panggitik.
17. Sirah pecah rebah wau kang wahana,
niba Sri Narapati,
jenggelek asigra,
tangi arsa anggada,
tedhak Sang Surayengbumi,
dadya prang dharat,
ngawe balane prapti.
18. Kang angampil parise wau sang nata,
rame denira jurit,
pan upama kidang,
mungsuh lawan andaka,
yen anggada Jayengmurti,
mumbul rong dhepa,
wadya tan na ngawruhi.
19. Saben-saben katiban eca kewala,
Wong Agung Jayengmurti,
Gajimandalika,
Uktur lamun katiban,

ing gadane Jayengmurti,
saliranira,
gumeter riwe mijil.

20. Kadi siram lan obah babalungira,
rongatus nenem sami,
markiyu anggannya,
Sri Gajimandalika,
Uktur repot ing ngajurit,
isin sasambat,
dangu tan na sor kalih.
21. Kadya guntur gumuntur sakethi arga,
suraking bala kalih,
mungsuh lawan rowang,
sigra Sang Kakungingrat,
enget yen mungsuh lan eblis,
lan brekasakan,
tan nistha andhingini.
22. Matak Jabur pan sarwi noli ing wuntat,
Dipati Guritwesi,
ngulukaken sigra,
totopong mring ngawiyat,
wadya samya tutup kuping,
mudhun sadaya,
prajurit kang turanggi.
23. Anutupi karna lan dipangganira,
sigra Sang Bagenda Mir,
anyandhak pinggangnya,
gumujeng Mandalika,
arep apa sira iki,
alon saurnya
sakarep wong ngajurit.
24. Sigra petak sarwi anjunjung Sang Nata,
tininggil ing wiyati,

- ebat bala kopar,
lir singa ngundha gajah,
kadya likasan tininggil,
tinon ing bala,
dangu nulya binanting.
25. Pan kalempur Uktur Gajimandalika,
gumuling aneng siti,
prajurit turangga,
sareng nyamethi kuda,
kumrutug sareng ngamuki,
Sang Kakungingrat,
sigra nitih turanggi.
26. Anindhihi munggang sawurining bala,
Dipati Guritwesi,
amarani marang,
Sri Gajimandalika,
ingkang gumuling ing siti,
binandhem kaca,
gosong Sri Narapati.
- 27.. Prapta Tajiwalan kalawan Sihngiyar,
Dipati Guritwesi,
pan papatihira,
sareng ambedhil kaca,
murub bangkene Sang Aji,
kumantar-kantar,
sirnane ponang geni.
28. Dadi awu Uktur Gajimandalika,
sirna bareng lan agni,
wau kang umangsah,
numpesi balanira,
wadya Rab wuru ing jurit,
kethen ayutan,
awendran angemasi.

29. Pira-pira wau ta kang para nata,
kadya babad bung pacing,
anacah semangka,
bantingi timun ika,
sanggen-enggen pan den ungsir,
wus datan ketang,
cacah kang papati.
30. Pan walahuaklam mung Allah kang wikan,
gungunge kang papati,
kutha ginempuran,
kabeh binedhil kaca,
mring Dipati Guritwesi,
kadhatonira,
kabeh wus dadi geni.
31. Ingucapken dening kang Alulkikayat,
prapta kawandasa ri,
peteng kang nagara,
ing kukusing dahana,
dadya awu ing jro puri,
lan batanira,
ludhes wus awor siti.
32. Kang somahan punggawa lawan satriya,
prajurit pra dipati,
binedhilan kaca,
Sihngiyar Tajiwalar,
wong kakalih angubengi,
ambedhil kaca,
lunas kabeh **wismeki**.
33. Pan cinatur kongsi patangpuluh dina,
denira nunumpesi,
ing wong mangan janma,
siji tan inguripan,
desa urut wukir-wukir,
kang tinumpesan,

ana kang den liwati.

34. Mraja Salsal Sang Prabu ing Kalakodrat,
kang ngirid nunumpesi,
prandene ana kang,
tan milu mangsa janma,
padesan urut pasisir,
kang ingaliman,
sadaya nungkul sami.
35. Marang Raja Salsal pangiriding lampah,
wusnya kawandasa ri,
mundur Raja Salsal,
lan sagung para nata,
ambekta para patinggi,
dhomas sadaya,
sami urut pasisir.
36. Urut gunung kabeh sami tinumpesan,
Raja Salsal wus prapti,
kendel jroning kitha,
pangguh wau kalawan,
Wong Agung Parangtejeki,
jenengi samya,
panggempuring nagari.
37. Wong Agung pan maksih aneng jawi kitha,
sirna sajroning puri,
lawan jro nagara,
ilang sipating praja,
besmi kabeh sirna tapis,
dadya ra-ara,
Wong Agung Ngalabani.
38. Bubar mundur sasirnaning kang nagara,
sarwi wau angirid,
marang Raja Salsal,
prapta pakuwonira,

lajeng mring ngajengan sami,
Wong Agung Parang,
Teja matur wotmanis.

3. NGRAOSI WAWATEKANIPUN PRABU GULANGGE

Dhandhanggula:

1. Yai Salsal pukulun kang prapti,
telas sagung dhusun pagunungan,
kang amangan janma kabeh,
tinumpes datan kantun,
amung dhusun urut pasisir,
kang boten kabatinan,
anut ratunipun,
boten tumut mangan janma,
sami nungkul cacah dhomas kang patinggi,
Wong Agung angandika.
2. Yai Salsal salinana sami,
agamane wong iku sadaya,
lawan pacakana kabeh,
patinggi dhomas iku,
aja sira gawe narpati,
labete bumi ala,
sun srahken sireku,
praja iki yai Salsal,
asalina wasiyat milu sireki,
aja na kaya kuna.
3. Nembah sujud Salsal Sri Bupati,
langkung nuwun atampi nugraha,
wuwuh kathah jajahane,
wusnya sami tinandur,
bekel dhomas pacak bupati,
kalilan anataa,
mring sarayatipun,
bubaran bupati dhomas,
mulih maring desane sawiji-wiji,
samyata nata agama.
4. Wadya ingkang tan kacandhak baris,

dene mangke amiyarsa warta,
yen wuṣ ana bupatine,
sami prapta anungkul,
pan anggili kang sami prapti,
sampun pinara dhomas,
Sorangan praja gung,
wus tata agamanira,
ing sarengat duteng Hyang Nabi Ibrahim,
warata sanagara.

5. Tan antara praptanira malih,
bupati dhomas ambekta bala,
anigang lekṣa balane,
sarta sesegahipun,
katur ing Sang Surayengbumi,
bunagi para nata,
suguh sadaya wus,
ngungun ingkang para nata,
wong Sorangan de enggal rejane malih,
bupati nuli rupa.
6. Pan kapencut parentahe nenggih,
Raja Salsal ratu binathara,
ing mangkya wewah balane,
yata undhang Wong Agung,
budhal marang Rokam nagari,
sagung bupati dhomas,
kang munggeng panganjur,
lan bala ing Kalakodrat,
Raja Salsal sawadya barepi baris,
ingkang nunggil jajahan.
7. Ngambah wana sagung ingkang baris,
wana asri kathah palakirna,
lan akathah buburone,
dadya kang baris agung,
sami suka para narpati,

kasukan ambebedhag,
suka kang wadya gung,
lami-lami lampahira,
wus angidak paminggir Rokam nagari,
kang bala lir samodra.

8. Urut marga yen wonten bupati,
sami saos sugata sadaya,
parentah saking ratune,
mila remen wadya gung,
sami datan babahak margi,
sami wade tumbas,
kang dados wong dhusun,
sagung wong manca nagara,
bupatine kang segah dinangu sami,
Gulange kang parentah.
9. Mila eram sagunging para ji,
lah ta iki lulurugan apa,
tingkahe Raja Gulange,
teka anyuguh mungsuh,
enak-enak lalakon iki,
wuwuh amungsuhi,
adhemen anglurug,
mungsuhi Gulange Narendra,
yen ayuda mungsuh binobot ing jurit
nora mrih karusakan.
10. Pan samarga-marga den suguhi,
saben bupati sugatanira,
wedhus untane akethen,
leksan buron wana gung,
etong ewon kang menyak sapi,
kidang pating karencang,
menjangane agung,
yen bupati kang amanca,
ragi apes binayar saking jro puri,

apa kang kukurangan,

11. Pira-pira ingkang pinedhati,
uyah terasi berambang bawang,
gili ewon pedhatine,
lampahe baris agung,
akasukan samargi-margi,
dadalan wus apanggya,
labete wana gung,
prabatang miwah galinggang,
pinirekken jurang sami den urugi,
pinarnah kang jalampar.
12. Miwah yen amanggih kali-kali,
pipinggire wus panggih arata,
nora angel dhundhunane,
kang kathah watunipun,
tengah kali wus den sorogi,
watu ngalumpuk tengah,
kang kambah wadya gung,
sabrangan watune sirna,
parentahe Gulangge aja na kongsi,
wong dharat tibeng sela.
13. Lamun margi panjang alasneki,
lami datang amanggih padesan,
miwah tan ana kaline,
kali adoh binendung,
pinegatkan tengahing margi,
dadya keh kali anyar,
ing marga puniku,
yen kirang sapanginepan,
papantese sedhenge rereb kang baris,
wus manggih tetelagan.
14. Pirantine sinaosan sami,
guyang kuda tuwin kang dipangga,
senuk blegdaba myang memreng,

keh sesegaran agung,
tabet sami anyar kinardi,
lalakon patang dina,
manggih talaga gung,
lan amanggih pasanggrahan,
pan akethen genthong jembatan kuwali,
jun pangaron ayutan.

15. Daging bantheng miwah daging kambing,
pukang menjangan kethen ayutan,
aneng pang-pang ting ceranthel,
langkung suka wadya gung,
wong pipikul kang samya ngambil,
prayayine uripan,
sami sinarimpung
inguger lawan wit-witan,
saben kayu ajamur uyah terasi,
awoh barambang bawang.
16. Sami guguk wadyaning para ji,
lagi tumon pratingkah mangkana,
lurugan riaya kiye,
kaya pawarnanipun,
narpatine ing Rokam iki,
Gulangge punjul ing rat,
kalakuwanipun,
mungsuhi gung binecikan,
duk samana Wong Agung Surayengbumi,
ing tigang palereban.
17. Eramira dene sarwa manggih,
sira Wong Agung apa kumpulan,
munggeng ing pasanggrahane,
aglar kang para ratu,
pra dipatya satriya mantri,
Dipati Tasikwaja,
alon denya muwus,

lah yayimas Parangteja,
mbok ingaran maloto tuturku dhingin,
manawa kaduk warta.

18. Alah iki yektine ta mangkin,
sira lawas anjajah nagara,
duk apa nemu mangkene,
gumujeng sauripun,
witning kakang loking pakathik,
padha agiyak-giyak,
suka denya nemu,
kakayon kang dinalanan,
kiwa tengen ajamur uyah terasi,
awoh barambang bawang.
19. Ting caranthei awoh iwak daging,
iku pipikul kang sinaosan,
priyayine anyar kabeh,
menjangan sinarimpung,
wana jeprah kidang kancil,
nambungi Raja Salsal,
ing warti pukulun,
gedhong satus pitungdasa,
kang binedhah binayarken pra dipati,
ing kang manca nagara.
20. Wadya ing kang ngesiki wanadri,
tuwin kang sami ndhudhuk segaran,
punika binayar kabeh,
kang ngrata kali agung,
sami bayar saking jro puri,
tuwin nggennya sugata,
pra dipatinipun,
ing kang amanca nagara,
ing kang sami binayar saking Sang Aji,
Gulange ber legawa.
21. Angandika Sang Surayengbumi,

Gulangge iki kakasihing Hyang,
katara ing pasemone,
sapolahe pan wahyu,
kabeh sanak-sanak para ji,
sun padha rewangana,
nenedha Hyang Ngagung,
muga Allah anunggalna,
agamane lan tulusa dadi kanthi,
Prabu Gulangge Ngrokam.

22. Tur sandika sagung kang para ji,
apan sami kacaryan sadaya,
nunggil esir lan ciptane,
mring Salsal ngandika rum,
lakon pira Ngrokam nagari,
lan kutha Gaji Raja,
Mandalika Uktur,
Raja Salsal matur nembah,
kalih wulan punika rikatan Gusti,
yen aris tiga tengah.
23. Lagi pira lakonira iki,
inggihi Gusti sampun kalihtengah,
remben punika yektine,
Gulangge Ratu agung,
kang mangilen jajahani iki,
pan kongsi gangsal wulan,
inggihi kang mangidul,
jajahane tigang wulan,
kang mangetan tigatengah wulan Gusti,
mangaler ingkang ripak.
24. Kawan dinten kapengkok jaladri,
pasisire kang ngilen kang ngetan,
pitung wulan jajahane,
nagari agung-agung,
ingkang eloh pinggir pasisir,

wonten sewu sadaya,
para ratunipun,
kang dadya wawrating donya,
upetine kang saking ratu pasisir,
brana kang manjing pura.

25. Para ratu ing dharatan inggih,
amung dhomas cacahing narendra,
ngetan ngilen jajahane,
wondene ingkang ngidul,
urut wukir ratune gusti,
gangsalamat sadaya,
dadya ratunipun,
kalihewu tigabelah,
ingkang seket punika sring makewedi,
upetine mamangsan.
26. Kadhang ingkang kalih boten prapti,
kang samangsa malih nunten prapta,
makoten ing salamine,
nanging boten rinengu,
miwah boten pinukul jurit,
upetine catcatan,
kang seket pukulun,
ciptane mor brekasaken,
miwah ditya manusa keh salah warni,
kayangan brekasakan.
27. Ratu ditya gandarwa samya jrih,
inggih lamun arsa tinemenan,
dhateng pun Prabu Gulange,
prapta upetinipun,
yen alami tan den openi,
punika boten prapta,
bulubektinipun,
samya nut ing brekasakan,
Raja Jamsit punika ingkang ngubungi,

ratune paneluhan.

28. Datan wonten aprang gada bindi,
pedhang duduk panah lan serampang,
punika dede lampahe,
amung kemat lan teluh,
para ratu kang urut wukir,
nagari ing Talsamat,
paneluhan agung,
miwah ing Mendamahenda,
mila Prabu Gulangge boten amredi,
sasukannya kewala.
29. Tinemenan inggih malarati,
dene aprang lawan brekasakan,
ratu pakering batine,
pun Gulangge pukulun,
yen manusa tan angsal tandhing,
pundi ratu digdaya,
kang magut kacakup,
sanadyan mengsah danawa,
boten ajrih nanging pakantuke kedhik,
kangelanpun kathah.
30. Lawan inggih rahayuning budi,
boten purun adamel krisakan,
mila saeling-eling,
jajahan urut gunung,
sumbu laler para narpati,
Gulangge pan tarima,
sakarep-karepmu,
anungsang anjempalik,
sun pukula ing aprang tumpesireki,
sapele tuwas rusak.
31. Sami gedheg miyarsa para ji,
ing tuturira Sang Raja Salsal,
wruh Gulangge tetekone,

angandi Wong Agung,
iya yayi Salsal sireki,
kang wus wruh ing pratingkah,
Sang Gulangge Prabu,
sira tutura sadaya,
ratu ingkang aluhur darajatneki,
Raja Salsal tur sembah.

32. Lamun ratu ingkang bulubekti,
para ratu pinendhet rong duman,
saduman pinaringake,
iki bubuhanamu,
opahira nggawa mariki,
ingkang warni busana,
makaten pukulun,
mung pinendhet kang rong duman,
kang saduman inggih winangsulken malih,
iku bubuhanira.
33. Sang Kakungingrat ngandika aris,
jajahane saloring samodra,
si Gulangge ora duwe,
Sri Salsal nembah matur,
boten darbe kathah mung kedhik,
wonten nagri sadasa,
ler wetan pukulun,
kang ler kilen Jamintoran,
kitha agung binathara nyakrawati,
Sang Prabu Sadaralam.
34. Apan sampun agama Ibrahim,
Sadaralam pan ratu prakosa,
imbang lawan pun Gulangge,
nanging sami bekipun,
datan wonten endhih-ingendhih,
sami raharjanira,
paambekanipun,

gendeng-ginendeng tan arsa,
ing agama Enuh kalawan Ibrahim,
amupus sesenengan.

35. Wus mangkana Sang Surayengbumi,
enjing budhal lan sawadyanira,
lir samodra balabare,
kadi parwata kapuk,
kabul mumbul kadresan angin,
ngebeki wana wasa,
wadya kang lalaku,
kasukan samarga-marga,
tan winuwus ing marga laminings baris,
prapta cucuking lampah.
36. Gupuh methuk Pangran Kaelani,
lan kang paman Burudangin Selan,
Yujana Kubarsi mangke,
sami suka kalangkung
praptaning Sang Surayengbumi,
wus panggih lan kang putra,
miwah para ratu,
kinekes-kekes sadaya,
ngaras pada tuwin para raja siwi,
wusnya anulya budhal.
37. Prapteng pasanggrahan sawadyeki,
sampun tata pakuwon sadaya,
masanggrahan wong agunge,
sanagara gumuruh,
agung alit kang niningali,
praptane kang sugata,
bupati sapuluh,
sakethik gunge kang jodhang,
segah mateng praptane ing dina malih,
punika segah mentah.
38. Wusnya antuk patang dina malih,

Raja Gulangge ngutus apatya,
kang badhe ingaturake,
Nateng Kaos puniku,
ingandikan semana prapti,
nunggil ing singasana,
mesem ngandika rum,
angger eyangira prapta,
kula turken dika ing dina puniki,
kang ndherek si Apatya.

39. Sakathahe kang sami ngladeni,
kang ajaga angger mring andika,
ing sarinten sadalune,
wong lanang kalihatus,
kang awarna palisir wujud,
dhengkak bucu sadaya,
kalebu rongatus,
wong wadone kawandasa,
upacara karaton sadaya sami,
yeku manjing gagawan.
40. Lawan angger andika milih,
sawarnine kang wonten jro pura,
punapa dadi sukane,
sampun pindhho karyeku,
sabab dika sampun narpati,
kula boten amecat,
karatonireku,
milane ngriki katempah,
sadinane kula ingkang anaosi,
upacara karajan.
41. Mangke alilah dika tekani,
sampun tata kramaning nagara,
kula ing ngriki lakune,
kyana patih prapta wus,
ing byantaranira narpati,

heh Patih lumakua,
ngaterken Gustimu,
katura marang kang eyang,
Kyana Patih tur sembah sareng umijil,
lan Prabu Ibnungumar.

42. Oreg nyarsa wong sanagari,
sami nononton temboking marga,
duk Ibnungumar wedale,
sami cingak andulu,
ing pekike myang cahya wening,
gung alit estri priya,
leleng kang andulu,
ing nagri Rokam tan ana,
wong mangkene nyamlenge luwih respati,
tuhu karya la-ela.
43. Apa lumrah putra Puserbumi,
witning wartane Pangeran Kelan,
ingkang ngirid baris kiye,
puniku luwih punjul,
ngilangaken langening bumi,
nguni nalika aprang,
lawan Sanga Prabu,
marmane Prabu Gulanggya,
ngeman-eman ing aprang tan den temeni,
eman kanthi palastra.

4. PRABU SAYID IBNUNGUMAR DIPUN ATURAKEN WANGSUL DHATENG WONG AGUNG

Kinanthi:

1. Kuneng wong sanagara gung,
kang sami aniningali,
Prabu Sayid Ibnungumar,
lampahe lawan apatih,
ing Rokan pan sampun prapta,
manjing baris Puserbumi.
2. Cingak kang samya andulu,
denya saupacara sri,
gagawan Gulangge Raja,
saupacara narpati,
kancana pinatik retna,
kaprabon ratu geng sami.
3. Patbelas yuta pan langkung,
ginunggunga ing pangaji,
sadaya sinotya-sotya,
miwah busaneng turanggi,
lawan busananing gajah,
Wong Agung Surayengbumi.
4. Tinangkil neng tarub agung,
aglar kang para narpati,
tuwin ingkang para putra,
ing Karsinah Parangakik,
ing Ngambarkustup lan Kelan,
ing Tasmiten ing Betarti.
5. Para wayah para buyut,
kang sampun madeg narpati,
andher neng ngarsa alenggah,
ing wijohan palowani,
ambanjeng lan para nata,

Wong Agung Surayengbumi.

6. Lagyeca imbalan wuwus,
wonten dasih tur upeksi,
papatih ing Rokam prapta,
angiringken Kangjeng Gusti,
Prabu Sayid Ibnungumar,
kendel punika ing jawi.
7. Kalanira miarsa tur,
Wong Agung Surayengbumi,
gupuh denira tumedhak,
kang wayah pinethuk jawi,
sagung kang aneng ngajengan,
gumredeg samya tut wuri.
8. Kang wayah mangsah rinangkul,
kinekep tur kinapithing,
binekteng ing tarub rambat,
Wong Agung sampun alinggih,
ngujung marang para paman,
Papatih Rokam ningali.
9. Kang sinembah sadayeku,
anjawil abisik-bisik,
marang kang celak alenggah,
sinten ingkang den ujungi,
ing Jeng Sayid Ibnungumar,
sumaur kang den takoni.
10. Kang para paman puniku,
kang sami madeg narpati,
anagari sowang-sowang,
tur sami prakoseng jurit,
Wong Agung angungak-ungak,
Patih Rokam awotsari.
11. Amba dinuta pukulun,

Gulangge Rokam Narpati,
ngaturaken wayah tuwan,
sumangga Jeng Paduka Mir,
Jeng Gusti Sid Ibnungumar,
nuwun apunten ing Gusti.

12. Saking sanget lepatipun,
Marjaban ing Ngambarkawit,
anyidra ing wayah tuwan,
kinemat wonten wanadri,
boten awit sinor ing prang,
ambekta ratu prajurit.
13. Ing punika sampun kokum,
pèjah Nateng Ngambarkawit,
Wong Agung Surayengjaga,
manthuk angandika aris,
heh Patih Rokam wruhanta,
sakethi tarima mami.
14. Dene ta Ratumu iku,
sasat murungaken pati,
babalen saking ngakerat,
upamane putu mami,
apa kang sun walesena,
antepe Ratunireka
15. Kyana Patih Rokam sampun,
ing busana pinisalin,
sapangadeg sinasotya,
matura Gustinireki,
yen mangkono ujarangwang,
Kya Patih amit wotsari.
16. Mesat saking ngarsanipun,
Wong Agung Surayengbumi,
Kyana Patih Bakubaham,
ing Rokam datan kawarni,

Prabu Sayid Ibnungumar,
kang tinanggap turireki.

17. Sangsaya wewah angungun,
miarsa sagung para ji,
myat Sri Sayid Ibnungumar,
Gulangge gagapaneki,
tuhu legawa trus ing tyas,
Gulangge anggepe luwih.
18. Wau patih lampahipun,
wus prapta ngarsaning Gusti,
Gulangge suka miarsa,
ing welingira Jeng Amir,
mangkana ingkang winarna,
Wong Agung Surayengbumi.
19. Lajeng drawina ing dalu,
Wong Agung Amir Mukminin,
lawan sagung para nata,
tuwin kang para putra ji,
para buyut para wayah,
aglar ing ngarsa Jeng Amir.
20. Mangkana kuneng ing dalu,
enjing sagunging para ji,
gumuruh sami kikirab,
Prabu Gulangge winarni,
mukul kendhang mijil ing prang,
gumuruh gurnang thongthonggrit.
21. Mijil saking kitha brubul,
prajurit para narpati,
muntab kadya giri kobar,
prapteng jawi tata baris,
oreg wadya sanagara,
busekan kang niningali.

22. Gung alit estri lan jalu,
loking wong ing sanagari,
kaya ngapa denira prang,
dene padha lusing bumi,
rahayu ngapureng dosa,
kapriye tingkahing jurit.
23. Raja Arab amot alus,
Gulange amot basuki,
mangkana wus prapteng papan,
Gulange lajeng anitih,
andaka sampun samekta,
sadaya kaprabon jurit.
24. Kawot ing lembu kulawu,
gada geng sampun pinandhi,
angiwa parise waja,
jenggarang gengira aji,
karengga busana mulya,
amakutha binuka sri.
25. Tebah jaja tali rukuk,
abadhong kinandhawari,
kadya surating raditya,
sotya kang munggeng buka sri,
gumebyar marwateng jaja,
yayah baskara makingkin.
26. Molahken lembu kulawu,
pendhapan tumlorong keksi,
tuhu janma akaryeram,
sasolahe angajrihi,
respati uncal gadanya,
pantes gambuh ing ngajurit.

5. PRABU GULANGGE ADHEP-ADHEPAN KALIYAN WO AGUNG

Gambuh:

1. Susumbar nguwuh mungsuh,
iki Gulangge metu prang pupuh,
ngayun-ayun cecengklungen sun anganti,
ing praptanira Wong Agung,
Raja Arab kang kinaot.
2. Ambek santosa luhur,
eram sadaya kang para ratu,
wadya Arab marang Gulangge ngekesi,
Wong Agung sigra amundhut,
Askarduwijan sumaos.
3. Ngrasuk busana sampun,
sagung wasiyat Nabi linuhung,
sadaya wus munggeng saliranireki,
saking ngamparan tumurun,
Wong Agung Jayengpalugon.
4. Nitih turangganipun,
mangsah ngatepang pun Askardiyu,
mandhi gada Usamadiman respati,
angiwa parisnipun,
gumuntur grah suraknya wong.
5. Prapta papan wus pangguh,
Prabu Gulangge meneng andulu,
atatanya sapa wong Arab kang prapti,
pideksa nora gung luhur,
nanging cahyamu mancorong.
- 6.. Sumaur aja tambuh,
Prabu Gulangge pan iya ingsun,
prajurit kang akalana Jayengmurti,

Prabu Gulangge angrungu,
seleh gadane neng pangkon.

7. Sidhakep astanipun,
Sang Nateng Rokam pijer anjetung,
ora kaya kang agawe bumi langit,
lamun akarya piduwung,
tan mantra kena ginayoh.
8. Cengklungen raganingsun,
yayah abrongta marang dyah ayu,
ciptaningsun amrih nuwuki ngajurit,
anutug sakayun-kayun,
ingayuda singa kasor.
9. Kaduga suwitengsun,
kasub ing bumi bubudenamu,
palamarta sih ing dasih lahir batin,
nanging sun nyana Wong Agung,
gedhemu nora semono.
10. Kapriye pratingkahmu,
sira anumpes ditya gung-agung,
ingkang padha sadaya pangawak wukir,
duk prang wukir Kap sireku,
liwat saking karya gawok.
11. Mesem denya sumaur,
angendelaken turangganipun,
kadya gajah jajagongan lawan kambing,
heh Sang Prabu sira mau,
ngucap takdiring Hyang Manon.
12. Pan wus tinitah ingsun,
anyirnakaken danawa diyu,
aja mungguh manusa kang kaya mami,
sanadyan kongkonan semut,
lamun kinarsan Hyang Manon.

13. Mangsa wurunga iku,
lawan kinarya ilapat tuhu,
semut bisa anggempura gunung wesi,
kadigdayane si semut,
kuwasane lagi tinon.
14. Prabu Gulangge guguk,
padha karasa rarasane iku,
pangwasane sapele manusa iki,
luwih karsane kang nglimput,
apadudon dadi liron.
15. Priye pamisahipun,
si wadhag iki kalawan alus,
yen aweta tutunggalan pasthi sirik,
witning pinisihna iku,
siya-siya wong jojodhon.
16. Mara jawakna tengsun,
apan jamanmu ing kana besuk,
nggoning lair Abuningroh kang sayekti,
kabeh nabi-nabi dudu,
kang ninangka, aslining roh.
17. Adam lan Abujismun,
miwah nabi kuneng Nabi Enuh,
iya iku Abujismuna kang kari,
mangkono pangrunguningsun,
Nabi Nuh Adam kapindho.
18. Nanging Aburoh dudu,
pan nora salin sawiji amung,
tunggal dhapur kalawan kang sok nglimputi,
purwane sawiji amung,
ilapat kinarya roro.
19. Dene ta roronipun,
pan luwih kang ngarani puniku,

aranana roro pan roro sayekti,
aranana siji iku,
sayektine ya sawiyos.

20. Nanging meh lairipun,
ilapat iku mengko meh timbul,
ora liya ing jamanmu kana benjing,
sapa wruha karabatmu,
dadi marga Abuningroh,
21. Mung kari patang taun,
iya ing limang taun lumaku,
kang sataun wus kalong kang limang sasi,
patang taun pitung tengsu,
babare kang Abuningroh.
22. Wadya kang samya dulu,
nora kaduga pating keranthuk,
piyer apa suwe tan ana ajurit,
baya ika banjur atut,
nora prang pijer papadon.
23. Gulangge alon muwus,
iya sun myarsa sayektinipun,
ana peling yen besuk dhayohan mami,
Wong Agung andon anglurug,
ababala para katong.
24. Iku ta marganipun,
ingkang narik ing marga rahayu,
lamun ana Wong Agung Surayengbumi,
pan badhe karabatipun,
kalipating Hyang Aburoh.
25. Den abecik panutmu,
malah pineca sun kongsi ngujung,
ngaras pada kalih lawan asta kalih,
wus sinung pratandha tengsun,

iya tyasingsun darapon.

26. Mantepa aywa tangguh,
aja gumiwang dimen abakuh,
nanging maksih jroning jaman kitrah iki,
iya pa karyanireku,
sira kang duwe lalakon.
27. Lamun nganggepa ingsun,
iya ingkang dereng lair iku,
sayektine kasiku marang sireki,
agamanira kang nyendhu,
iya wajibe samengko.
28. Kang anut ing sireku,
pangratanira agama iku,
singa mopo sira ingkang anglunasi,
wus parentahe Hyang Agung,
pakaryanmu ing samengko.
29. Watak ngong gothak-gathuk,
nanging simpenana den barukut,
kasihana welasana ingsun iki,
pan ingsun asih kalangkung,
ajrih Gusti lair batos.
30. Mecat makuthanipun,
Wong Agung den awas sirandulu,
cirinipun sajroning makutha mami,
kartu mutyara puniku,
tulise kang aneng kono.
31. Tumenga gya Wong Agung,
tinukupena lan kudanipun,
maksih logro sayektine kurang isi,
Gulangge saking gengipun,
makutha ageng kinaot.
32. Nusup denya andulu,

Gulangge iki kakasih wahyu,
pratingkahe iya kang wis ngangembali,
wus Islam ing batinipun,
kapir ngindanas sayektos.

34. Islam ngindallah iku,
yata Wong Agung amatak ngelmu,
gedhongan nanging kang maksih sinambi,
santosa mring Gulanggyeku,
sanget sih tinunggil batos.
35. Narik mustakanipun,
metu saking jro mastaka murub,
mijilaken cahya lir ulading agni,
Wong Agung kalih kalimput,
agni yen tinon saking doh.
36. Gulangge sigra nubruk,
sarwi angange makuthanipun,
wus sinendhal Wong Agung saking turanggi,
sinangga ing astanipun,
sumungkem Gulangge Katong.
37. Dhuh tuhu Gustiningsun,
ingkang anarik kamulyaningsun,
kang anuntun marang dadalan sayekti,
kang karya ing tyas tuwajuh,
besuk ing sakratilmaot.
38. Pangrasaning sadya gung,
geni panggada kang katon iku,
anglimputi ngaladi Wong Agung kalih,
tekan tutungganganipun,
kalihe pan datan katon.
39. Sinurakan gumuruh,
mungsu lan rowang rame gumuntur,
nora weruh sajatine kang ajurit,

mung ilapat tarung semu,
Gulange lan Jayengsinom.

6. PRABU GULANGGE TELUK DHATENG WONG AGUNG

Sinom:

1. Langkung denira manfangat,
Gulangge Sri Narapati,
kasorotan ing cahyanya,
umatur angasih-asih,
ya kalengkaning bumi,
manfangat amba kalangkung,
wedale cahya tuwan,
ilapat kang angramati,
angandika Wong Agung Surayengjagat.
2. Gulangge aywa pepeka,
angel adoh ing mangseki,
duraka yen mutahena,
besuk kang sira arani,
Abuningroh meh lair,
kang duwe bubuhan iku,
yen uga linairna,
ing sajroning mangsa iki,
amimikan marang ingkang kawajiban.
3. Bubuhan Jeng Nayakengrat,
kang sira tarka meh lair,
nanging nganggep kabatinan,
utama kang wus udani,
nyepuhkan bae benjing,
yen tulus sira lan ingsum,
nugraha ingkang prapta,
pasemon ilapat iki,
durung kena yen sira angugemana.
4. Iya ingkang nyata-nyata,
maksih ana kang ngarani,
luput mangeran ing cahya,

wantuning cahya nglimputi,
aja si badan iki,
kang wadhag katut kalimput,
nadyan iku tunggangan,
kalimput katarik ngening,
ing ngisore ingkang aduwe panedya.

5. Ujare kang wus utama,
aja milih aja nampik,
aja nedya aja nora,
sirik duwea pamilih,
yen nora milih jindik,
aja madhep aja weruh,
sirnane tingalira,
parane den amatitis,
patitise wruh purwa madya wasana.
6. Aja nggawa aja ninggal,
ing jagatira kang pesthi,
angulihena titipan,
den katur mring kang nitipi,
wus aja pindho kardi,
payo prang malih karuwun,
saru tinon ing bala,
yen nora angganggo jurit,
sira Prabu Gulangge gumuyu ngakak.
7. Inggih aleres paduka,
menggah pakarti puniki,
amangu tuwan lan amba,
tan Pantès singa ngawruhi,
pan sira wus Pinasthi
ing batin dera Hyang Agung,
laire sasabana,
pan prapta paduka ngriki,
amrih aprang kasapa lawan kawula.
8. Wus sirna lawening cahya,

yeku salaga sayekti,
yen mungguh ing santen kabar,
dudu kanil ingkang pinrih,
yen wruh kabare dhingin,
tan wande nugraha mangguh,
luware prang sasmita,
nitihi turangga malih,
ngikal gada amasang parisanira.

9. Sami molahken wahana,
Adipati Guritwesi,
anusul prapteng paprangan,
Gulangge ngaruh-aruhi,
Marmaya sira prapti,
mau baya ngiwa ngantuk,
angling Ki Umarmaya,
Insa Allah Sri Bupati,
sapa weruh ana endhasing kaluwak.
10. Nadyan durung kinaluwa,
mangsa wruh endhase dhingin,
Gulangge angikal gada,
rong ewu wawrate nenggih,
kalawan dhomas nenggih,
ing kati mas wawratipun,
kudhung parisanira,
Wong Agung Surayengbumi,
gya tumempuh Gulangge Raja gadanya.
11. Kadya baledheg sayuta,
pilengen wadya miyarsi,
kuwate pamupuhira,
rosane ingkang anangkis,
sayektine miyarsi,
ing lalakon tigang dalu,
jebrede paris mubal,
agnine marang wiyati,

tibanira bubaraken buron wana.

12. Sato kathah kaberasat,
narajang pakuwon sami,
atusan ewon anunjang,
wadya Rab akeh nyekeli,
peksi kang amarengi,
katampek tiba kumabruk,
sikep kang arit samya,
pakathik miwah serati,
rerebutan ing peksi kathah kang tiba.
13. Wong Agung males anggada,
Prabu Gulangge nadhahi,
pecate Askarduwijan,
wadya tan ana ngawruhi,
rong dhepa winitawis,
Askarduwi umbulipun,
ngungkuli mungsuhira,
yeku tibaning panggitik,
sawusira turangga mubeng ngatepang.
14. Kasamur wiraganira,
Askarduwi tan katawis,
wor surak kadya ampuhan,
wau ta Sri Narapati,
kuwat denira tangkis,
gigiring bantheng kang putung,
tiba Gulangge Raja,
Wong Agung Surayengbumi,
tedhak saking turangga nimbangi dharat.
15. Arame samya prang dharat,
gada ginada metyagni,
rag-reg padhola angambak,
ing payudan gonjang-ganjing,
eram sagung wadyeki,
pan dereng salaminipun,

anom tingkah mangkana,
prabawane kang jurit,
wetu ketug prakempa reh wukir kontrag.

16. Samodra kadi kinela,
muntab rumabaseng tasik,
gra ugrena rawa tingakak,
sumamburat wetu riris,
geter pater geteri,
gora pracalita lesus,
pracondha wetu gelap,
wingwrin sakathahing baris,
angres kekes dharodhog kuda dipangga.
17. Dhedhet sengara limutan,
ler wetan laban belani,
tikbraning Sang Antaboga,
dhedheting tetengis mingis,
ruhara amranani,
mramaseng lesus amusis,
meses angkara bajra,
pamenggoring braja pati,
pragoleng prang kalihe jalma utama.
18. Duk sami murweng rarasana,
meh mingkis wawadi kengis,
kumentaring pramudita,
buwana mrih anekseni,
lang-lang lungiding westhi,
mawas wuwusing pamuwus,
careming pacangkrama,
pamore winoring jurit,
rarasing rok mawarneng ruming pasthika.
19. Pamusthining astagina,
mawas sru pastha tan kesthi,
kaskayaning panon ingkang,
tan ana ingkang pinardi,

mungu pamurweng nguni,
resmining pramudita mur,
muwang tan antuk mawang,
wawanguning nguni uni,
kang rinengkuh sarakah pusering rangkah.

20. Mangkana ingkang ayuda,
ing prakosanira sami,
sami saged aprang gada,
durung kasoran sawiji,
gada tan migunani,
wus sareng pambuwangipun,
gantya sami prang pedhang,
kadya kikitiran kalih,
dangu denya prang pedhang wus tanpa karya.
21. Pang duduk serampang rajang,
wus dangu tan migunani,
sareng buwang kalihira,
ruket samya silih ungkih,
nyandhak banting-binanting,
aramé junjung-jinunjung,
kinen wau ngantepa,
Gulange solahing jurit,
pitung dina cinatur aprang junjungan.
22. Wekanan panjunjungira,
Gulange awanti-wanti,
tan osik sang Kakuningrat,
sukune rapet lan siti,
malah tetese kang getih,
Gulange darijinipun,
napas pating balesar,
medal grana medal kuping,
bajo jebod pedhot satrepe nggen pedhang.
23. Sinolah panjunjungira,
ucul nggenira nyekeli,

agantya Wong Agung nyandhak,
Ki Umarmaya nulya glis,
mecat topongireki,
pan sampun binucal muluk,
wadya Rab tutup karna,
wau Sang Surayengbumi,
matak petak kajunjung Gulangge Raja.

24. Lir kidang ngundhi dipangga,
Wong Agung Surayengbumi,
dangu ingikal neng asta,
Gulangge sigra binanting,
gumuling aneng siti,
sakala Gulangge kantu,
sigra pinalajengan,
mring Dipati Guritwesi,
gya sinentak Prabu Gulangge wungua.
25. Apan ta Pangeranira,
durung ngarsakken sireki,
Marmaya akon tangia,
Wong Agung Surayengbumi,
gupun denya mrepeki,
Gulangge wus panggih wungu,
angrangkul Umarmaya,
kadi wong angempit kucing,
pan Wong Agung prapta kul-pinengkul samya.
26. Katiga ararankulan,
wau balane kang baris,
tunggule ginulung samya,
banderane den leleti,
daludag den gulungi,
sadaya rubuh pinikul,
teteg baris ing Rokam,
tan ana ngadeg sawiji,
bubarira gagamane pinikulan.

27. Wau Sang Gulangge Raja,
Wong Menak lan Guritwesi,
kalih binopong neng jaja,
munggeng bahu kanan kering,
prapta nggene alinggi,
ing singasana Wong Agung,
ingkang ngaturan lenggah,
Gulangge lumungsur kursi,
pan andheku Gulangge lan Umarmaya.
28. Anulya winuruk Sadat,
ing sarengat Jeng Ibrahim,
Gulangge gumuyu bisa,
Adipati Guritwesi,
kekel denya nimbangi,
Wong Agung mesem tumungkul,
matur Gulangge Raja,
ngaturi manjing jro puri,
Umarmaya mesat angundhangi bala.
29. Bubaran manjing jro kitha,
wau ta Sri Narapati,
Gulangge budhal kalawan,
Wong Agung Surayengbumi,
dharat Sang Sri Bupati,
Gulangge lumakyeng ngayun,
ngarsaning upacara,
Wong Agung Surayengbumi,
kang den ayap Gulangge upacaranya.
30. Wadya Rab nusul kewala,
tan ana sareng atunggil,
mung Dipati Tasikwaja,
oreg jro kitha miyarsi,
lebet Sri Bupati,
tembak gebel kang dudulu,
samy dhepes jrihira,

sagung wadya niningali,
denya Sang Sri Gulangge dharat kewala.

31. Dipangga andaka kuda,
tuntunan samya neng ngarsi,
kang ginarbeg upacara,
Wong Agung Surajengbumi,
prapta ing pancaniti,
lajeng binakteng kadhatun,
langkung sinungga-sungga,
urmatira anglangkungi,
samya nembah para garwa para putra.
32. Ing wuri kang para nata,
para putra ingkang prapti,
wong praja oreg gumerah,
ingkang sami niningali,
gawoke mulat sami,
asrining kang para ratu,
cengeng sanget kacaryan,
para putra pekik-pekik,
kang wus madeg raja kang maksih satriya.
33. Tan ana gethang satunggal,
kukuwung samya nelahi,
dumeling angalad-alad,
kadya lintang tibeng bumi,
kadya katiban sasi,
nagara ing mangsa iku,
dhasar nagara harja,
respati siti prayogi,
pan karengga ing cahya para putra Rab.
34. Sawusnya prapta sadaya,
para putra lan para ji,
sampun pinarnah sadaya,
pakuwon wismeng bupati,
punggawa sanagari,

sadaya ngalih mangidul,
ngumpul sakidul pura,
wong bumi wus dadi siji,
ing kang kilen ing kang wetan kang ler samya.

35. Sadaya pan kacukupan,
bala Rab karasan sami,
keh kali manjing nagara,
ngungkurken ngajengken sami,
saben wismeng dipati,
ngajengaken lepen agung,
ing kang manjing pomahan,
kiwa tengen lepen alit,
pan sadaya mangkana wismeng punggawa.

36. Gapura kareteg sela,
lumrah dameling bupati,
memper nagari Kupauman,
tandhese murahe warih,
kaot jembare kedhik,
lan kaot karikilipun,
lawan wedhine samya,
malela ireng kapati,
karikile karepu nagri Kupauman.

37. Kulawu wedhi ing Rokam,
karikile ireng sami,
nanging kang bala sadaya,
nora pati kajog sami,
lan Kupauman nagari,
Rokam undha usukipun,
lan ing Kaos nagara,
ing Kusniyamalebari,
sayektine jembar pelag nagri Rokam.

38. Punika enggening lama,
windon Sang Surayengbumi,
wadya tan ana ngresula,

nanging tan suka tan sedhih,
mangke neng Rokam sami,
suka sadaya wadya gung,
ratu agung santosa,
Gulangge moncol neng bumi,
jajahane ajembar eloh raharja.

39. Wana isi pacangkraman,
akeh wowohan mepeki,
kang dadi sukaning bala,
seger yen maring wanadri,
lawan akathah kali,
sami kathah ulamipun,
lan wana pasuketan,
punika wana kang miji,
pan sawulan mubeng anotog samodra.
40. Yen boten ulam dharatan,
misaya ulam jaladri,
lan wanane pasuketan,
ewon cekar lan pedhati,
wadya kang sami ngarit,
tan wonten kang sami mikul,
cekar ewon aleksan,
pekathik den piranteni,
pan puniku sukane kang wadya bala.
41. Wus lami agung kasukan,
Wong Agung surayengbumi,
lawan sagung para nata,
ingkang sami gegedhugi,
kinembar Sri Bupati,
Salsal lan Prabu Lamdahur,
para mantu Gulanggya,
Kewusnendar Banuarli,
lan Maliyatkustur sami ratu gagah.

42. Kalawan mantune wayah,

abagus prawireng jurit,
Raja Putra ing Yujana,
Raden Kaharkusmen pekik,
daladag ing ngajurit,
kuncara dadi gul-agul,
langkung suka sayuta,
Gulangge berag sakethi,
para mantu sadaya ratu dandanan.

43. Randhane Unuk Marjaban, .
wus pinanggihken ing mangkin,
winangung patemonira,
denira ambayangkari,
lan Rajeng Ngawulangit,
wus panggih lan Prabu Urmus,
lawan putra Gulanggya,
mangkana ingkang winarni,
arinira Sang Raja Unuk Marjaban.
44. Rahaden Unuk Mardawan,
kesah saking Ngambarkawit,
sakit susah ing tyasira,
dene nagri Ngambarkawit,
tan pinaringken nuli,
nora tinanduran ratu,
lami dadya gantungan,
lan garwa Marjaban nguni,
pinaringna lan ari Raden Mardawan.
45. Lajeng kinaryaa Raja,
Mardawan ciptanireki,
ing mangke sadaya gagal,
garwa kalawan nagari,
kesahe wus sakawit,
lawan Baktiyar puniku,
papatihe Sang Irman,
kalaut tan tumut mulih,
dadya mangke Baktiyar angulandara.

46. Lawan Rahaden Mardawan,
Raja Putra Ngambarkawit,
mung tigang kethi kang wadya,
santana ingkang tut wuri,
Baktiyar kari kedhik,
sampun risak balanipun,
mung kantun kawan leksha,
santananira kang maksih,
ngungsi aneng jajahaning Jaminambar.
47. Tampingan bumi watesan,
lawan ing Rokam nagari,
ing Barkiyah raning praja,
ratune aran Kotaltit,
nenggih Raja Kotaltit,
tumulut ing Sang Raja Makrub,
Raja makrub punika,
dadya malekat Mingkail,
pakaryane ambuka turuning udan.
48. Aneng ing ngriku alama,
si Raja Baktiyar lan malih,
Mardawan pan sinagahan,
dene Sang Raja Kotaltit,
kature ratuneki,
ratune Sang Raja Makrub,
dadya mangke Baktiyar,
Mardawan ngenger Kotaltit,
tan kawarna petenging tyas mangundana.

7. RARAOSAN BADHE LAIRIPUN NABI RASUL

Asmaradana:

1. Kuneng kang lunga angungsi,
yata malih kang winarna,
ing Rokam Prabu Gulange,
agung denira kasukan,
suka-suka tan ana,
nelase suka kalangkung,
atamiyan gustinira.
2. Tan mengeng ciptanireki,
yen geng-genging kanugrahan,
trah Puserbumi praptane,
celak panyiptaning nala,
wangside gurunira,
yen benjing Nabi panutup,
kang mustapa ing sajagat.
3. Tan liyan darah Puserbumi,
manawa pinarengira,
Nurbuwah metu neng kene,
apan iku wus utama,
nanging Prabu Gulanggya,
tyasira kudu umatur,
nglairken sangelmunira.
4. Para mantu den timbali,
langkung sami kinasihan,
miwah genge tarimane,
mring Pangeran ing Suwangsa,
ingkang akarya prenah,
marang para putrinipun,
pinangguhken para raja.
5. Ratu geng prawireng jurit,

ingkang para mantunira,
miwah ingkang kari mangke,
randhane Unuk Marjaban,
Wong Agung Kakungingrat,
pinanggihken ipenipun,
lan Urmus Ibnu nusirwan.

6. Milane kapati-pati,
lair batin sungkemira,
sumedya pati tan mengeng,
wau praptane ngajengan,
para mantu sadaya,
nenggih kang kabener sepuh,
sira Prabu Kewusnendar.
7. Lawan saputunireki,
putranira Kewusnendar,
sira Raden Kaharkusmen,
anak panggih lawan putra,
ibu panggih lan rama,
dene mantu kang panggulu,
Sang Raja Urmus punika.
8. Arine Nateng Kubarsi,
Maliyatkustur kang ngalap,
dene ta kang anom dhewe,
kalap Sang Rajeng Talsiyah,
Banuarli Narendra.
Marmadi putra ratya gung,
kapat wus prapteng ngayunan.
9. Ngaturi Sang Adipati,
Tasikwaja sampun prapta,
Marmaya neng pakuwone,
panggih wus dangu praptanya,
para mantu sadaya,
Umarmaya lajeng muwus,
lah tatandhingen Sang Nata.

10. Para mantunira dhingin,
lawan ing mangke sadaya,
Ki Putra Kelan tuduhe,
para ratu gung prakosa,
Gulange mesem mojar,
bener sira padha punjul,
ngungkuli lan ingkang pejah.
11. Prabu Gulange bibisik,
ingsun arsa paguneman,
padha ngentekaken raos,
ngendi nggoningsun matura,
yen nora ingkang kiwa,
saatur-atuturku tutug,
pira ratu kang ginawa.
12. Sasukane Kangjeng Gusti,
Ki Umarmaya lingira,
lamun mangkono Sang Katong,
ingsun matur ing Wong Menak,
sayekti nuli lega,
saosana gedhong agung,
kang patut kang caket taman.
13. Raja Gulange ling malih,
kang Umarmaya manawa,
Gusti Wong Agung karsane,
ratu ingkang binatinan,
sayekti kang ginawa,
ing mangke sanget sihipun,
ya maring si Raja Salsal.
14. Nanging ta kakang Dipati,
Salsal iku durung kena,
krungua ngelmu mangkono,
lungsuran wong mangan janma,
dosane durung ilang,
yen besuk jangkep sataun,

kaya reregede ilang.

15. Sarta sapangate Gusti,
yen mēngko pan durung kena,
iku ta ingsun tuduhe,
si Salsal ingkang gawea,
saosan pasanggrahan,
Ki Umarmaya gumuyu,
kakiwakaken si Salsal.
16. Batine bener sireki,
si Salsal iku maksiha,
sadina-dina tobate,
aciptaa pangapura,
dene cipta nugraha,
saengga antuk sataun,
manawa regede sirna.
17. Dosane agung kapati,
denya gung amangsa janma,
Ki Umarmaya wus lengser,
prapta ngarsane Wong Menak,
katur saha turira,
Gulangge sadaya katur,
suka Sang Surayengjagat.
18. Gujenge prayogeng westhi,
prakara Sang Raja Salsal,
bener saking prayitnane,
lamun ujar kekenthelan,
yekti yen maksih uwas,
yen ujar cuwer puniku,
pantes tan kena tinilar.
19. Wau Sang Surayengbumi,
wus aneng ing gedhing taman,
nimbali Prabu Gulangge,
lan Wong Agung Parangteja,

ngirid kang para nata,
kang pinijig pitung puluh,
wus munggeng ngarsa sadaya.

20. Ngiras bujana para ji,
larih mider tula-tula,
janewer brandhuwin kabeh,
aboga menuhi sarta,
Gulange matur nembah,
lan pethi kancana murub,
sinandhing neng ngarsanira.
21. Pethi alit mas kang isi,
kitabe Gulange anyar,
lan pitutur titinggale,
kang rama Prabu Sudirham,
ratu gung amisesa,
ing praja kang mawi ratu,
narpati rongewu dthomas.
22. Jajare denira linggih,
Gulange lan Umarmaya,
Wong Agung Parangtejane,
Urmus Semakun punika,
lawan Tasangsulngalam,
Umarmadi lan Lamdahur,
Tamtanus Iskal Iskalan.
23. Nateng Kebar lan Ngabesi,
Kangkan Kuwari Yujana,
miwah para putra kabeh,
para buyut para wayah,
kajawi pitungdasa,
kang pinijig para ratu,
Prabu Gulange turira.
24. Amba nuhun kang sayekti,
dhawuhe sapangat tuwan,

sarwi ngaturken kitabe,
Marhabuntartib namanya,
Gulangge kitabira,
kalawan pethikan Jabur,
kang babar kitab nugraha.

25. Sinten ta ingkang sayekti,
kang mijilaken nuringrat,
Nabi panutup badhene,
tan lyan karabat paduka,
lair ing bumi Mekah,
punapa tuwan pukulun,
alon denira ngandika.
26. Wong Agung Surayengbumi,
yaiku walahualam,
iya guru ngong tuture,
kadangingsun kalihwelas,
ibuningsun sakawan,
dene kang nunggil saibu,
kalawan ingsun titiga.
27. Kapat si Amir Anijlin,
nanging iku maksih bocah,
tan milu ing ujar kuwe,
sarwi miyat nyandhak kitab,
saking Gulangge Raja,
kitab Marhabuntartibun,
kang munggeng pethi kancana.
28. Mesem sukane tan sipi,
Wong Agung Surayengjagat,
ana muni luluhure,
kang saking ibu punika,
nama Sultan Mashuran,
Ratu Sam ingkang rumuhun,
jamaning Sultan Iskandar.

29. Jenenge Sri Narapati,

akire Sultan Iskandar,
ngandika marang Gulangge,
lah iki luluhiringwang,
muni ing kitabira,
luhuringsun saking ibu,
Ratu sam Sultan Mashuran.

30. Kitabe tinangkep malih,
sineleh pangkon kewala,
Wong Agung pangandikane,
jeng ibu putri saking Sam,
nama Siti Patimah,
putrane lan rama iku,
kang tuwa kangmas Ngabdullah.
31. Nuli kangmas Abuntalip,
yeku kang tunggal sabiyang,
sapuluh kadangku kabeh,
iku padha seje biyang,
ana telu patutnya,
ana loro patutipun,
iya ana ingkang papat.
32. Kadhang ana mung sawiji,
• dene kang kalebu weca,
sadulurku roro kuwe,
kang mijilaken Nurbuwah,
Nabi Nayakaningrat,
mbuh kang anom mbuh kang sepuh,
kang trah Sam Sultan Mashuran.
33. Anulya ngandika malih,
lah yayi Gulangge mara,
caritakna lalakone,
Ratu Sam Sultan Mashuran,
witing Ratu Sam kina,
mangsa wurunga siremut,
yen lali cinandhak kitab.

34. Gulangge nembah turneki,
inggi wonten Ratu ngesam,
wignya ing kapandhitane,
jajaka dereng akrama,
nama Sultan Mashuran,
bapa ratu kaki ratu,
buyut raja canggah raja.
35. Wareng grepake narpati,
udhegan kang siwurira,
ratu akeh titinggale,
kang sami awarna kitab,
pirang kethi warnanya,
pethi tembaga parunggu,
pethi salaka kancana.
36. Kabeh den iling-ilingi,
carita Nabi sadaya,
kang aluhur kang aelok,
kang wus padha kaliwatan,
anulya pethine mas,
kitab cilik kang cinatur,
jaman durung kalampahan.
37. Yen ing besuk buri-buri,
wonten Nabi kang minulya,
punjul saking Nabi kabeh,
kakasih Mangkusarengat,
langkung sihe mring umat,
yeku ingkang luwih luhur,
begjana umate padha.
38. Dupi miyarsa Sang Aji,
yen kitab muni mangkana,
kapencut tilar kadhaton,
ngulati Nabi Mustapa,
nora catur pariksa,
apa lair apa durung,

nuli atilar nagara.

39. Tanpa wadya mung pribadi,
lakune Sultan Mashuran,
iya saparan-parane,
ngulati Jeng Rasulullah,
pan durung mantra-mantra,
ing babare Kangjeng Rasul,
gumujeng sagung miyarsa.
40. Praptane pinggir pasisir,
Rajeng Sam Sultan Mashuran,
aningali ula kethen,
agenge awarna-warna,
sagajah saandaka,
sakuldi andaka senuk,
satirisan lan saetal.
41. Langkung erame Sang Aji,
ana ula mung sahasta,
tumumpang neng luhur dhewe,
ula kang awak kancana,
murub yen tiningalan,
pinarpekan mundhuk-mundhuk,
ula mas nguluki salam.
42. Sinauran tan asari,
Ratu Sam sarya mangrepa,
ula mas ika tatakon,
manusa ing pundi sira,
lah Sang ratu Sam kula,
lah sinten dika puniku,
sawer bisa basa jalma.
43. Sawer mas iku nauri,
pan ingsun ratuning ula,
kabeh iki balaningong,
ingsun teka ing naraka,

sira iku arsa pa,
Sultan Mashuran sumaur,
ngulari Nabi Mustapa.

44. Nabi kasarireng Widhi,
ratuning ula lingira,
iya sun memekas bae,
yen katemu Rasulullah,
aturna salamingwang,
wis mara tutugna gupuh,
Sang Ratu Sam Lakunira.
45. Anulya kesah lumaris,
sangsaya tuwajuhira,
pasthi ana panggonane,
Jeng Nabi Nayakaningrat,
si ula kirim salam,
lajeng lampahe anglantur,
prapta ing Betalmukadas.
46. Jujuk pagunungan panggih,
pandhita Betalmukadas,
Seh ilalsalib namane,
kaget yen ana wong prapta,
bagus maksih taruna,
wruh yen sikutane ratu,
ki Seh andhingini salam.
47. Sawusnya tata alinggih,
heh tuwan puniki sapa,
Sultan Mashuran saure,
manira ratu ing Ngesam,
nama Sultan Mashuran,
dene ta iki karyengsun,
ngulari Nabi Mustapa.
48. Ling pandhita Ilalsalib,
puniku pakarya tuwan,

Jeng Nabi Muhammad mangke,
dereng wonten ngalam donya,
angling Sultan Mashuren,
yen ingsun mau katemu,
sawer mas ratuning ula.

49. ' Ujare manira titip,
yen panggih Jeng Rasulullah,
aturena salaming ngong,
ing Nabi Nayakaningrat,
kethen ula punika,
agenge sami kalangkung,
ula lit ingkang kancana.

50. Tumumpang luhur pribadi,
pandhita Betalmukadas,
getun miyarsa tuture,
pundi ta punapa tebah,
nggening ratuning ula,
Sang Ratu ing Sam atuduh,
pinggir pasisir sarkara.

8. PASAREANIPUN NABI SULEMAN

Sarkara:

1. Pantès wau Gulangge Narpati,
rahab denya bawani carita,
suka para ratu kabeh,
sedhepe kang atutur,
sami dongong ingkang miyarsi,
wau Sultan Mashuran,
sawusnya atutur,
enggene ratuning ula,
ngambil pethi pandhita lan den iseni,
arak kalawan puwan.
2. Pethi alit binopong pribadi,
sira pandhita Betalmukadas,
sarwi alon pamuwuse,
lah daweg anak prabu,
maring nggene kang sawer malih,
dika ater kawula,
sigra lampahipun,
wus prapta pangenan ula,
eram mulat pethine wus den ungkabi,
kang isi arak puwan.
3. Sinandhingen nggene tan atebih,
kongas gandane arak lan puwan,
ula mas tumurun age,
marani ganda wau,
ingkang kongas sajroning pethi,
anulya linebonan,
wau pethinipun,
ratu sawer mangan puwan,
ki pandhita mundhuk-mundhuk amarani,
kang pethi tinutupan.

4. Nulya pethine pinanggul aglis,
daweg Sang Ratu sami lumampah,
kula inggih kang andherek,
lampah tuwan puniku,
anuruti sami lumaris,
ciptane Sang Rajeng Sam,
baya ula iku,
kinen anuduh nggenira,
Kangjeng Nabi akale pandhita iki,
mung iku ciptanira.
5. Sawusira dangu kang lumaris,
ngambah wana sangsaya anengah,
alas kiwa geng wanane,
ana godhongan matur,
tuwan pethik amba puniki,
lamun tuwan pipisa,
ing salembutipun,
anuli dipun uworna,
singa ingkang den uworana sakedhik,
yekti kabeh dadi mas.
6. Sang pandhita saksana amethik,
daweg tuwan punika methika,
Sang Nata amethik uga,
nulya sami kinandhut,
lajeng sami lalampah malih,
tan adangu nulya na,
godhong malih matur,
lah tuwan pethik kawula,
pan kawula tatamba lara sabumi,
kang kawruhan pan waras.
7. Sang pandhita lan sang ratu methik,
sami kinandhut lajeng lalampah,
tan asuwe ana maneh,
godhong ingkang umatur,

tuwan pethik amba puniki,
lamun tuwan mamaha,
usapena suku,
bisa angambah sagara,
saparane kadi yen angambah siti,
wau ta sang pandhita.

8. Lan Sang Nata pra sami amethik,
lajeng pethine wau tinilar,
iki ta sedyengong mangke,
kalakon kabeh iku,
wis karia ula sireki,
pethi nulya binuka,
ulane mas metu,
wau lampahe wus tebah,
Sultan ing Sam lawan ki Seh Ilalsalib,
prapta pinggir samodra.
9. Sami mamah godhong wau nuli,
ingusapaken ing dalamakan,
nulya pandhita ature,
suwawi Sanga Prabu,
sampun ta angambah jaladri,
sigra sami angidak
atos toyanipun,
nengah-nengah lampahira,
sangsaya tos kabeh toyaning jaladri,
sampun kadi dharatan.
10. Ing sadhepa ngajeng kanan keru,
kang atebah iya maksih toya,
kang celak lawan sukune,
pang kenthel toyanipun,
kadi sela ingidak sami,
lampahe sampun lepas,
manggih astana gung,
asri pagere mutyara,

gapurane cangkeming naga ngajrihi,
upase kang kumantar.

11. Kadi dahana murub kaeksi,
dene ta buntut naga puniku,
ngubengi kadi ringgite,
pagere mutyareku,
jroning pager pan ana kathil,
jumerut kathilira,
nginggil kathilipun,
apan wonten kang anendra,
pan gumawang cahyane ingkang aguling,
saking jawi katingal.
12. Sanga Prabu angandika aris,
mring pandhita sinten kang anendra,
dene gumebyar cahyane,
kadi wulan sumunu,
Sang Pandhita alon nauri,
punika boten nendra,
seda yektinipun,
puniku Nabi Suleman,
kang pinangka ing nguni ratuning bumi,
Sultan Mesir punika.
13. Mangsa tuwan inggih tan miyarsi,
caritane Jeng Nabi Suleman,
ratune sajagat kabeh,
kang kumelip puniku,
mega angin banyune sami,
jin Islam kaparentah,
myang rasaksa diyu,
buron dharat buron toya,
isining rat sadaya kang den ratoni,
puniku Jeng Suleman.
14. Datan mantra-mantra angemasi,
cahya kadi asare kewala,

ingkang munggend ing astane,
puniku katon mancur,
pan susupe maklukat aib,
karaton kabatinan,
maklukat aibun,
angungun Sultan Mashuran,
amiyarsa wau kang maklukat aib,
praba kadi baskara.

15. Balerengi lamun den tingali,
singsim samaswasitah samawat,
maklukat aib prabane,
Sang Pandhita amuwus,
lah suwawi sami mrepeki,
manjing jroning gapura,
cangkeming naga gung,
Sultan Mashuran lingira,
bokmanawi upasing naga medosi,
kumukus pan ulekan.
16. Pandhita Betalmukadas angling,
heh Sang Ratu kalawan paekan,
kang isim molah tulake,
puniki wacanipun,
mbok Sang Nata mangke ngingkemi,
inggi mangsa sageda,
katulak ing ngelmu,
sayekti mangap kewala,
Sultan ing Sam ngandika dene angungkih,
punapa kang sinedyas.
17. Pandhita ngling sami angujungi,
dhateng kang layon Nabi Suleman,
amrih ageng sapangate,
sedya tuwan puniku,
tinekanan kongsia panggih,
lan Kangjeng Rasulullah,
ngujunga ing suku,

batine kyai pandhita,
angapusi darapon puruna manjing,
iya Sultan Mashuran.

18. Kaletheke ki pandhita batin,
arsa ngambil lelepen maklukat,
aib kang munggend jenthike,
layon Suleman iku,
pasthi lamun dadi narpati,
sinembah para raja,
ing jagat pinunjul,
wus matak ingisim molah,
astanira pinanjingken gapura ris,
gapura cangkem naga.
19. Wisa mire kang kumebul sami,
naga cangkeme mangap kewala,
matane macicil bae,
lan daweg anak prabu,
wisa sampun boten nglabeti,
Ratu Sam wuwusira,
kula kang kapungkur,
andika kang rumiyina,
samy manjing kalihe tan walang ati,
tan ana kara-kara.
20. Sami dheku dagan kanan keri,
Pandhita Betalmukadas kanan,
Sultan Mashuran keline,
wanti-wanti nggen ngujung,
ing pada Jeng layoning Nabi,
Sang Pandhita ing Betal,
Mukadas adangu,
nguwik-uwik jenthikira,
Kangjeng Nabi enggoning maklukat aib,
ingunus pan meh kena.

9. SESUPENIPUN NABI SULEMAN

Sinom :

1. Gupuh wau ingkang prapta,
sarwi petak Jabarail,
gumaludhug ing ngawiyat,
gonjing langit kadi miring,
genjot agonjang-ganjing,
kemocak tasik kemrawuk,
gugup pan sami medal,
pandhita ingkang rumiyin,
langkung ing gapura gosong kena wisa.
2. Sultan Sam kang maksih tawa,
tan tumameng wisa mandi,
kalihe wus prapteng jaba,
mulat wau ingkang prapti,
malaekat Jabarail,
rupa ratu aprang pupuh,
sikep kaprajuritan,
pedhang kumilat tinarik,
sami mendhak aneng ngarsane kang prapta.
3. Anggetak sarwi tatanya,
lah wong apa sira iki,
dene prapta kene padha,
apa sedyamu kang pesthi,
dharodhog turireki,
pandhita matur rumuhun,
ajrih lamun dora,
kula wau arsa ngambil,
kagungane Jeng Nabi lepen maklukat.
4. Amba ing Betalmukadas,
satuhu amba puniki,
sampun sinebut pandhita,

iya bener tak sireki,
gosong ing wisa mandi,
pandhita murka sireku,
lah ta kang siji apa,
sedyanira aneng ngriki,
matur nembah amba punika Rajeng Sam.

5. Kesah atilar nagara,
sedyamba inggih ngulati,
ing Nabi Nayakaningrat,
kang rinasul ing Hyang Widhi,
Kangjeng Muhamadinil,
Mustapa ingkang linuhung,
Jabarail lingira,
milane sira basuki,
saking dene mangkono ing sedyanira.
6. Aja amindho ta sira,
yekti anemu bilahi,
Jabarail sampun musna,
ngungun pan sarwi lumaris,
pandhita angririntih,
awake pating palepuh,
ing dalu sami nendra,
munggeng satengah jaladri,
pan ing dalu pinisah ing maklukat,
7. Pandhita Betalmukadas,
inguncalaken ing wengi,
neng wana Betalmukadas,
byar rina wruh tanah neki,
Sang Pandhita tan mari,
sakite saliranipun,
lir kena lemah sangar,
mangkana wau kang kari,
Ratu ing Sam kari tengahing samodra.
8. Sampun angesthi ing sedya,

saparanira lumaris,
sira Jeng Sultan Mashuran,
adangu denya lumaris,
ana wong kang lumaris,
pawestri saking ing pungkur,
anglancangi Rajeng Sam,
suwarnane ayu luwih,
lampahira gupuh sarwi ririkatan.

9. Sultan Mashuran tatanya,
heh ni wadon nilakrami,
saking pundi pakenira,
lan puniki tanah pundi,
wong wadon anauri,
sampun tatakon maringsun,
lagi parlu karyengwang,
meneng wau Sri Bupati,
sampun lepas wong wadon mari katingal.
10. Nulya na wong nitih kuda,
rakit busana ngajurit,
Sultan Mashuran tatanya,
kiyai amba tanya ris,
wau wonten pawestri,
anglancangi lampah ulun,
amba tanya tan angsal,
aja sira takon mami,
lagi ewuh makaten denya angucap.
11. Saure kang nitih kuda,
ika malekat Ngijrail,
lagi kinon ngambil nyawa,
ika mau ing Hyang Widhi,
sun iki Jabarail,
Sultan Mashuran tumungkul,
meneng sarwi lumampah,
Jabarail mari keksi,
yata wonten pulo pelag katingalan.

12. Wonten kang tunggu titiga,
Sultan Mashuran marani,
tatanya tuwan wong apa,
alon denira nauri,
manira iki ejin,
nanging jin Islam katengsun,
kang tinuduh dening Hyang,
aprang kalawan jin kapis,
malah prapta ing ari kiyamat pisan.
13. Sultan mashuran tatanya,
punika tanah ing pundi,
jin tiga nauri samya,
tanah sajabaning langit,
Ratu Sam tanya malih,
pinten ta lampahanipun,
saking ing tanah Arab,
ing nagari Ngesam singgih,
saurira kadi yen sapuluh warsa.
14. Punapa si sedyanira,
dene kongsi prapteng ngriki,
kula puniki ngupaya,
Jeng Nabi nayakeng bumi,
punang jin tiga angling,
tegese Nabi panutup,
ingkang tuwan upaya,
punapa ta sampun lair,
Kangjeng Rasul dereng wonten ngalam donya.
15. De tuwan sanget ngupaya,
inggih ta pan maksih aib,
lah ta tuwan lajengena,
anedhaa ing Hyang Widhi,
yata malih rumaris,
sapanira anglangut,
wonten jaban sagara,
cinatur nembelas warsi,

pan ing wuri orem nagari ing Ngesam.

16. Tan ana ingkang uninga,
kesahe Sri Narapati,
sawiji tan nggawa bala,
mung iku kang tengga puri,
lawan rekyana patih,
lan sagung punggawanipun,
telas denya ngupaya,
tan antuk denya ngulati,
yata wau wuwusen Sultan Mashuran.
17. Kalunta amanggih wreksa,
kadya kang wit kancana di,
wonten peksi geng katingal,
nguluki salam rumiyin,
Ratu Sam anauri,
assalamungalaekum,
kang peksi basa janma,
dika dhadharan rumiyin,
dipun eca Sang Nata denira lenggah.
18. Wonten wong prapta satunggal,
sarwi jo busanannya di,
uluk salam nulya lenggah,
tatanya basanya aris,
dika wong agung pundi,
kula wong Ngesem pukulun,
dene ta kesah amba,
ngupaya ing Kangjeng Nabi,
Rasulullah panutup Nayakaningrat.
19. Wong ijo alon lingira,
dene inggih dereng lair,
dereng wonten ngalam donya,
ateka sira ulati,
pundi nggene kapanggih,
tur adoh wismanireku,

lakon patbelas warsa,
Rajeng Sam tumungkul aris,
denya sanget tebihe panggenanira.

20. Wong ijo alon lingira,
heh sang Ratu Sam sireki,
sampun andika sungkawa,
bumi Ngesam saking ngriki,
nadyan tridasa warsi,
dumeh patangpuluh taun,
lalakoning manusa,
inggih yen pitulung Widhi,
datan angel praptane nagaranira.
21. Wong ijo pan nuli musna,
peksi ika muwus aris,
den eca manah andika,
dhadhahara dipun aris,
tumungkul mrebes mili,
langkung prihatinireku,
peksi agung ngrerepa,
dhadhahara Sri Bupati,
ing manusa barang tingkah wus tinitah.
22. Asrep tyasira Sang Nata,
tumungkul dhaharan aris,
ajrih yen tan nurutana,
pameksane punang peksi,
wau tak kang winarni,
wonten malih ingkang rawuh,
sarwi jo kang busana,
tanapi warnane salin,
abibisik mangsit kang peksi sarkara.

10. DEWI JULUSULASIKIN, RAJA PUTRI ING JAMINTORAN, GERAH

Sarkara :

1. Sampun musna wong kang sarwa wiliś,
ing kang peksi alon wuwusira,
heh Sang Nata dipun age,
nungganga gigiringsun,
wus ingawe lawan suwiwi,
wau Sultan Mashuran,
aneng gigir sampun,
kang peksi alon lingira,
den abecik suhudira ing Hyang Widhi,
darapon sinung ilham.
2. Dene besuk sira teka ngreti,
mangsa durung lan tekaning mangsa,
merema Sang Nata mangke,
sigra merem Sang Prabu,
kinirabken dene sang peksi,
sakala tan antara,
praptanya kumabruk,
kagyat ing panyananira,
kajarungup meleke Sri Narapati,
ngarsane ibunira.
3. Ing kang ibu neng paningrat linggih,
praba yasa kagyat ana prapta,
tanpa sangkan kumabruke,
kang putra nulya ngujung,
datan pangling wau sang ibu,
kang ibu panglingira,
dene cahyanipun,
amung wangune tan owah,
mung kang cahya kadi basanta duk mijil,
rinangkul ing kang putra.

4. Pra santanestri sajroning puri,
kumarutug sangsaya pratela,
lamun Sang Nata praptane,
kang tangis sru gumuruh,
kadi gerah sajroning puri,
rinebut ing santana,
anglengger Sang Prabu,
dangu-dangu angandika,
Sri Narendra pitutur mring santanestri,
saparipolahira.
5. Sami ngungun kabeh kang miyarsi,
kagawokan ing solah mangkana,
tuhu yen angeramake,
antara tigang dalu,
patih lawan kang pra dipati,
sadaya ingandikan,
anangis gumuruh,
samyā kadi dyah tangisnya,
kasok dene kesahe nembelas warsi,
praptane salin cahya.
6. Gumilang-gilang sumunu wening,
ibunira sigra denya bedhah,
gedhong ing jro pura kabeh,
pinartiga kang kantun,
mung saduman rong duman mijil,
kasrah mring kiya patya,
iya pinartelu,
saduman kang pra dipatya,
kang saduman iku marang pekir miskin,
saduman sanagara.
7. Ingkang datan lumaku ing kardi,
lawan ingkang triwarna aminta,
ing wong angumbara kabeh,
wong dagang pan sinuguh,

wus mangkan/ing dalem puri,
andina asidhekah,
miwah punggawa gung,
prapteng patangpuluh dina,
sidhekahe amangun kasukan sami,
punggawa myang satriya.

8. Miwah rerehan kang para aji,
prapta nekakaken nadarira,
agung amungu karamen,
mangkana Sanga Prabu,
sira Sultan Mashuran nenggih,
ngungkabi gedhong ingkang,
isi pethinipun,
pethi ingkang isi kitab,
titilare kang rama Sang Ratu swargi,
kathah ing warnanira.
9. Sami caritane para Nabi
ingkang sami sampun kalampahan,
pethi suwasa enggone,
lan pethi salaka gung,
ingkang pethi kancana siji,
kang durung kalampahan,
kang sama cinatur,
Jeng Nabi nayakaningrat,
saturute dereng kalakon winarni,
iku dadi sakitab.
10. Durung lair lan sawuse lair,
mangkya pinanggih pamacanira,
yen durung lair mangsane,
langkung denira ngungun,
ing longkange laire Nabi,
lawan Sultan Iskandar,
sangangatus taun,
Gulangge kendel samana,

caritane cinandhak ing kitab malih,
Wong Agung Kakungingrat.

11. Lawan Nabi Ngisa longkang neki,
jaman kitrah limangatus warsa,
iya jamaningsun kiye,
lawan antaranipun,
sedanipun Rajeng Medayin,
sira Prabu Nusirwan,
pan pituläs taun,
laire Jeng Nabi duta,
kang rinasul Muhamad panutup nabi,
Mustapa nayakengrat.
12. Nulya tinangkeb kitabe malih,
dangu Wong Agung ing Parang teja,
yayimas titimangsane,
pira itungireku,
kalanira ngadeken dhingin,
Narendra yayi Irman,
ganyani kaprabun,
marang Bathara Nusirwan,
Arya Maktal sigra amilang jariji,
sawusnya matur nembah.
13. Tigawelas warsa duk lumaris,
kalihwelas warsane sampurna,
Wong Agung sigra anoleh,
yayi Urmus Semakun,
petungira apa marengi,
kalawan kakangira,
tur sembah Semakun,
leres adegira nata,
rayi tuwan dene sedanipun nenggih,
swargi rama paduka.
14. Tigawelas warsa sampurneki,
lumampahe kawanwelas warsa,

para ratu sepuh kabeh,
lawan Umarmayeku,
rempeg sami akarya titi,
mung kari-tigang warsa,
kapate lumaku,
babare Jeng Rasulullah,
kitabira anulya winiyak malih,
bab turuning kang cahya.

15. Sultan Mashuran pamacaneki,
iya besuk ing turuning cahya,
nurbuwah ing Ngesam kene,
ingkang nadhahi besuk,
amutreni ing Ngesam iki,
saking Sultan Mashuran,
turun pat sireku,
kagarwa ing putra Mekah,
iku ingkang mijilaken Kangjeng Nabi,
wau Sultan Mashuran.
16. Dupi maca muni mangkaneki,
nuli niba alara karuna,
getun ngungun pratingkahe,
nggonira lunga nglangut,
angulati ing Kangjeng Nabi,
Muhamad nayakengrat,
ana ngawakipun,
tangise kang saprakara,
ping kalihe tangise sukur ing Widhi,
mulane katempelan.
17. Sami guguk kang para narpati,
pratingkahe Jeng Sultan Mashuran,
tunggak kalingan randhane,
saking suka gumuruh,
kawekelen guguping galih,
punika pernah canggah,
karabating ibu,

saurute yen ing Mekah,
wong gedhene krama putri ing Sam sami,
duk Jeng Ismangil pisan.

18. **Pan ibune Jeng Nabi Ismangil**
boboyongan saking putri Ngesam,
duk Raja Namrut jamane,
katelah turun-turun,
nagari Sam ingkang mutreni,
sagung darah ing Mekah,
yen wong gedhenipun,
mangkana kang para nata,
prasamya jrih marang Gulangge Narpati,
dene asugih kitab.
19. **Ambekira pinandhiteng batin,**
nora bodho tekone mangkana,
aneh Sang Prabu Gulangge,
legawa nrus ing kalbu,
pan Wong Agung Surayengbumi,
langkung sih cipta tunggal,
sanyawa puniku,
lamine nagari Rokam,
para putra kalangenan saben ari,
ing wana miwah toya.
20. **Raja Salsal ingkang anyaos,**
kalangenan kang sarwa apelag,
angangeni saenggone,
pacangkraman pinunjul,
luwih saking praja lyan sami,
nadyan Sang Kakungingrat,
resep ing kalangun,
tuwin sagung para nata,
duk semana nuju ing dina sawiji,
Wong Agung acangkrama.
21. **Neng pasanggrahan yen dalu sami,**

samya gunem arasan ing kitab,
lawan Sang Prabu Gulangge,
saking meh lairipun,
Jeng Mustapa Muhamadinil,
Nabi nayakaningrat,
mila gung rinembug,
pan meh mansuh ing sarengat,
kabeh sirna sarengat kang dhingin-dhingin,
amung kantung satunggal.

22. Iya iku nora salin-salin,
malah prapta ing kiyamat pisan,
Kangjeng Rasul sarengate,
mangkana para ratu,
sami karya cangkraman adi,
tuwin kang para putra,
pacangkramanipun,
sami nuguraken bala,
pacangkramanira Pangran Kaelani,
kalangkung endahira.
23. Sasen-sasen aneng ing wanadri,
yata wonten gempalan carita,
nyelani carita dhewe,
wonten ratu pinunjul,
jenengira Sri Narapati,
ageng karatonira,
angreh pra ratu,
pitungatus ratu ngarsa,
kawanwelas atus ratune pamingking,
kuthane Jamintoran.
24. Bisikanira Sri Narapati,
Binathara Prabu Sadarsalam,
ratu bandha bandhu pandhe,
pandhekaring prang pupuh,
pilih tandhing lamun ajurit,

Sang Prabu Sadarsalam,
prakosa dibyanung,
mangkana lagya sungkawa,
Sri Bupati lami tan miyos tinangkil,
dene kang putra gerah.

25. Retna Dewi Julusulasikin,
putri pinunjul jagat wiryawan,
amung sajuga putrine,
ing pramudita kasub,
ela-ela mangka pamuji,
mangkya nandhang paswara,
Sang Retna yu wau,
wimbuh tyasira kang rama,
animbali para tabit wukir-wukir,
kinerig mring jro pura.
26. Retnaning Dyah Julusulasikin,
gerahira anungsung tetamba,
orem sajro pura kabeh,
wau kang para nujum,
aglar ingkang para narpati,
Sang Nata angandika,
heh sakehe nujum,
padha sira tingalana,
tenungira ing gerahe Nini Putri,
apa margane waras.
27. Para nujum sadaya wotsari,
sami miyak kitab tenungira,
ramalan iladunine,
lan palakiyahipun,
wali-wali kang para tabit,
pambukanireng kitab,
kang amarah iku,
ing gerahipun Sang Retna,
waluyane kang dadya marganireki,

siram taman Iskandar.

28. Wau ature kang para tabit,
putra tuwan punika siramana,
ing taman Iskandar nggene,
Jaminigrab puniku,
nanging poncot ler kilen nenggih,
saking kitha ing Rokam,
wau Sanga Prabu,
animbali Kyana Patya,
Sidisalam prapta dipun parentahi,
siyaga sarta palwa.
29. Anggawaa prajurit rong kethi,
angiringa iya putriningwang,
mring Jaminigrab tamane,
asiram turing nujum,
lan awedhak sitine putih,
waluyane kang gerah,
palwa wolungatus,
kang limangatus amota,
sakathahe prajurit kang pra dipati,
telungatus wadonan.
30. Ingkang rayi wau den timbali,
sira Raden Sadarkaola,
pitung leksa prajurite,
milua ta sireku,
ngiring putrinira Ni Putri,
Sadarkola tur sembah,
sandika turipun,
wau Sang Retna miyarsa,
nulya senggang gerahe den sasangeni,
siram neng Jaminigrab.
31. Wus samekta saguning prajurit,
miwah palwa wus aglar sadaya,
sami numpak prajurite,

tata panggenanipun,
kang awawrat sangu miranti,
lambuke cigiyota,
ing kang amot sangu,
palwa prajurit pacalang,
lan pragata baliyan kapal tulya sri,
ginambuh nggen Sang Retna.

11. PANGERAN KELAN AMBEBEDHAG, KESASAR DHATENG TAMAN ISKANDAR, NAGARI JAMININGRAB

Gambuh:

1. Rinengga tepas wangun,
asri winarna kendhung kumendhung,
panggenane iyeku Sang Raja Putri,
samekta sadayanipun,
wus mijil saking kadhaton.
2. Kang rama lan kang ibu,
sami angater pinggiring paut,
arsa miyat pamancale putraneki,
gumerah wong sapraja nut,
anglut ater sang lir sinom.
3. Nembah ing rama ibu,
lajeng anumpak sacethinipun,
pitungatus pawonganira tan keru,
inya miwah embanipun,
rongatus prajurit wadon.
4. Sami putraning ratu,
ingkang tan pisah lan sotyaning rum,
rengganing kang langen biyola saruni,
panumpaking Sang Dyah Ayu,
palwane prajurit bodhol.
5. Bedhol jangkar gumuruh,
ambabar layar palwa pianjur,
pan sumebar ngambil prenatal kanan keru,
kang paman munggend pianjur,
Raden Sadarkola moncol.
6. Mangu tyasira Prabu,
lan prameswari mulat ing sunu,
ing tyas mupus pandhonganira Hyang Widhi,

tuluse waluyanipun,
Sang Nata kondur ngadhaton.

7. Wau ta lampahipun,
Sang Raja Putri asri neng laut,
Kyana Patih Sidirsalam aneng wuri,
tengara pating carengklung,
lampahe palwa agolong.
8. Sing kadohan kadulu,
pating galebyar kuwung makuwung,
sami nimpang sagunging baita grami,
ana wong agung lalaku,
sagung palwa dagang adoh.
9. Limpad pandomanipun,
lawan aguna jrumudhinipun,
datan owah rikate palwa lumaris,
bisa ngreh angin atangguh,
kemudhi bakoh atanggon.
10. Kuneng kang aneng laut,
Putri Jamintoran lampahipun,
tan winarna Retna Dewi Sulasikin,
amangsuli kang winuwus,
Putra Kelan kang lagya don.
11. Karema denya buburu,
amisah lawan kang para ratu,
miwah ingkang para kadang samya tebih,
mung lawan sabalanipun,
ki putra denya makuwon.
12. Lumrah kang para sunu,
sami makuwon misah nggenipun,
denira mrih suka sawadyanireki,
tuwin ingkang para ratu,
pamrihe akeh mangkono.

13. Wau Sang Narpa Sunu,
lawan sawadya kang para ratu,
pra satriya pra dipati Kaelani,
apan sampun pitung dalu,
sare aneng pambeburon.
14. Kendel sampuning surup,
Pangeran Kelan enjing buburu,
kang pinethet prajurite kalih kethi,
turangga peperangipun,
ngiras ajar ing pakewoh.
15. Sinambi ambuburu,
angiras pantes sukeng wadya gung,
ing batine lampahing kuda kang pinrih,
lumumpat ing prabatang gung,
nander nusup kayu dhoyong.
16. Sumengka parang parung,
kuda tumurun jurang tan ewuh,
kang anunggang yen uwis tan walang ati,
yen mari kuwatiripun,
sada ya pinrih mangkono.
17. Malipir jurang parung,
padha angambah rātan angsung,
sarwi babad kayu sarta nander pati,
prajurit Kelan tan ewuh,
iku sedyane sayektos.
18. Pan kasengsem kalangkung,
Ki Putra Kelan sengsem prang pupuh,
salamine wonten ing Rokam nagari,
wau mateng pangajaripun,
prajurit kuda kinaot.
19. Wadya rongkethi punjul,
lan patangleksa turangganipun,
wus tan kewran mudhun jurang amilipir,

tan rekasa lampahipun,
mungga ing jurang mangkono.

20. Miwah kang nander nusup,
kayu prabatang wus tan pakewuh,
lulumpate turangga Kelan wus wasis,
ing pakewuh datan ewuh,
tyasing kuda pan kadi wong.
21. Mangkana manggih siku,
mangkana Pangran Ismaya sunu,
pinisah lan wadya neng tengah wanadri,
pan badhe nugrahanipun,
arsa pinaringan jodho.
22. Ya ana purwanipun,
margane ingkang duwe panjaluk,
panedhane ing Suksma Kang Maha Suci,
besuk akrama putrengsun,
satriya kang luwih kaot,
23. Kang luwih pekikipun,
miwah karabat ingkang pinunjul,
ing kawiryan kang mandraguna ngajurit,
Jamintoran Sanga Prabu,
kang agung cipta mangkono.
24. Marma Sang Narpa Sunu,
keni sangsara aneng wana gung,
pisah aneng wana lan sagung prajurit,
kang dadi wit pisahipun,
mulat ing manjangan ijo.
25. Kadya mrak wulunipun,
miwah sungune kadi jumerut,
taracake lir samberilen kaeksi,
lincak-lincak ngarsanipun,
pinarpekan pan sinerod.

26. Sinander celak mamprung,
lamun wus tebih rondhe ing laku,
lincak-lincak malang megung noli-noli,
gebyar-gebyar angunguwung,
kuwunge sumorot ijo.
27. Dadya sangsaya sengkud,
sira Pangeran ing Suwangseku,
kamuriten yayah pratignya ing batin,
mangsa ta muliha tengsun,
luputa manjangan ijo.
28. Kalaut malah surup,
kendel sangisor wreksa tan kondur,
tan aetang pisahe wadya prajurit,
wus karem paningalipun,
mung ketung manjangan ijo.
29. Tan asare sadalu,
manjangan muni neng ngarsanipun,
pinarpekan meh kena milar angering,
tinut ing kori mangayun,
sinander nilap tan katon.
30. Kendel Sang Narpa Sunu,
sampun byar rina malih kadulu,
rembyak-rembyak sinander malih ngoncati,
Jonggiraji kudanipun,
cinamethi kras mancolot.
31. Kudaning jin puniku,
beda lan kudaning manuseku,
parandene panandere tan nututi,
kebat malaekatipun,
kang rupa menjangan ijo.
32. Wus jangkep tigang dalu,
pangungsirira Sang Raja sunu,

malah prapta nem dina maksih den ungkih,
wana ing Rokam kapungkur,
andarung angalor ngulon.

33. Ngidak ing wananipun,
ing Jamintoran nggen tamanipun,
tabet Sultan Iskandar lan Nabi kilir,
kang karya taman puniku,
kendel kapengkok ing kono.
34. Satunggil taman agung,
warni patang nggen pager babatur,
lemah putih alas Jaminingrab resik,
Putra Kelan lajeng adus,
manjing salebeting banon.
35. Eram pandulunipun,
taman mubadir tan ana tunggu,
sapa duwe kagungan ing taman iki,
apa Gulangge Sang Prabu,
dene tan tinunggu ing wong.
36. Nanging watawisipun,
kaya tan towang sadinanipun,
liwat resik sapa kang angambah iki,
wus surup ana kumabruk,
kidang katanggor ing banon.
37. Cinandhak sinarimpung,
akarya api susupenipun,
bebektane kang ibu Ismayawati,
musthikane geni murub,
narik pedhange Sang Sinom.

12. PANGERAN KELAN KASUMEREPAN PUNGGAWA JAMINTORAN

Sinom:

1. Tinuthuk lawan sosotya,
menter dahanane mijil,
ngambil kayu Putra Kelan,
dene apine wus dadi,
kidang pinurak aglis,
binakar satenipun
puniku kang dhinahar,
taman tawa toyaneki,
tur anjathok ing jaladri ingkang taman.
2. Parandene toya tawa,
ing nguni mukjijat Nabi,
wau ta Pangeran Kelan,
Bakdingujaman wus lami,
malah samadya sasi,
daging kidang dhaharipun,
satunggal tigang dina,
yata kang winuwus malih,
praptanira Raja Putri Jamintoran.
3. Baita kang munggeng ngarsa,
agabag awarni-warni,
kagyat mulat Narpaputra,
iki baya ratu prapti,
kaya mentas mariki,
katara lampahireku,
becik ingsun angiwa,
enggone sampun miranti,
amemenek mulat palwa ingkang prapta.
4. Apan wus mari kacipta,
sirrane manjangan wilis,
wau bala Jamintoran,

satus palwa kang lumiring,
minggir samya angranj, i,
linabuhan jangkaripun,
Rahaden Sadarkola,
saprajurite dhingini,
kang asikep gagaman baris tinata.

5. Kathah kang lajeng asalat,
mantri prameya kaeksi,
putra Kelan anggraita,
iki baya ratu ngendi,
rakite angajrihi,
semune prawireng kewuh,
dene padha asalat,
salate salat Ibrahim,
ratu Islam prajurit tangkepe rikat.
6. Sira Raden Sadarkola,
wus mentas sawadyaneki,
alengguh munggend kursi mas,
upacaranira asri,
bagus satriya iki,
yen anoma emperipun,
Kangjeng paman ing Yunan,
kuning satriyeku kedhik,
iya paman ing Yunan bambang salira.
7. Nanging tanagane padha,
duk anom paman Yunani,
abagus tur rowa rikat,
pamulu manis awilis,
upama angulati,
nagara geng pitungpuluh,
iya mangsa antuka,
kang kadi paman Yunani,
lan cahyane kumronyos pagut uletan.
8. Tetep dununging prawira,

paman Prabu ing Yunani,
wong iki semono uga,
sayekti prawireng jurit,
sangkin agung kang prapti,
agebel baitanipun,
Rahaden Sadarkola,
budhal maring taman dhingin,
manjing taman prajurit baris kalangan.

9. Yata Pangeran ing Kelan,
ningseri raga anebih,
wonten wangun kidul wetan,
akiwa kang den enggoni,
ciptanira sang pekik,
balaa sayuta iku,
amot kono kewala,
tan kongsi prapta nggoneki,
yata eca tyasira Sang Narpaputra.
10. Palwa kang ngemot jempana,
wus mentas saking jaladri,
gumrudug sadaya mentas,
ingkang ngemot turanggesthi,
mangkana Sang Suputri,
baitanira wus labuh,
gumuruh bala kuswa,
kang mentas saking jaladri,
Raja Putri saparekane wus mentas,
11. Gumuruh tengara urmat,
gong beri gurnang thongthonggrit,
saruni sarta biyola,
barungan umyang senggani,
pan arsa nitih joli,
dharat sinongsongan sungsun,
renges prajurit ngayap,
lebet mring tamansari,

Raja Putra kaduwung datan ngatingal,

12. Prapteng taman lajeng siram,
Retna Julusulasikin,
putri adi Jamintoran,
kayungyun mulat ing warih,
prapti tulung Widhi,
sirna kabeh gerahipun,
ingkang ngres linu ilang,
awewedhak siti putih,
wuwuh cahya wimbaning sangka purnama.
13. Pangling kang parekan inya,
tuhu sapangating Nabi,
ya Ibrahim Kalilulah,
miwah paman lawan patih,
langkung suka tyasneki,
sawadyanira Sang Ayu,
pan karya pamondhokan,
soring wreksa-wreksa resik,
para mantri masang kalambu sadaya,
14. Punggawa papager motha,
sangkelat wungu tulya sri,
prapta ing dalu gumerah,
kasukan sawadyaneki,
enggone Raja Putri,
munggeng gedhong tamansantun,
rinengga binusanan,
gumrah sukaning kang dasih,
rainane sidhekah mumule samya.
15. Marang kang ayasa taman,
mangkana balaning patih,
ngelanthung anjajah wana,
leledhang mung wong kakalih,
kapara Kiya Patih,
mulat kaprayitnanipun,

tan dangu ngidul ngetan,
ana pager bata keksi,
tan atebih mung elet tigang pamanah.

16. Saking wangun let titiga,
punika sakawaneki,
wong loro kang sarta kuda,
manjing kalihira sami,
ana turangga muni,
jro bata athakur-thakur,
mambu gandaning kuda,
kagyat medhun tyang kakalih,
jran apa baya kanca karadenan.
17. Esuk temen aleledhang,
sawusnya manjing jro kori,
kaget denira tumingal,
ana satriya alinggih,
sangarsaning turanggi,
sabusananing prang pupuh,
cahya lir andakara,
ping limalas andhadhari,
surup ingkang Hyang Rawi sasangka memba.
18. Kumepiyur jrih batinira,
cipta dede manuseki,
bayak kumaraning taman,
wong kakalih marepeki,
ingulap-ulap sami,
dhuh manusa apa iku,
lamun manusa mandah,
cahya anuksma ing sasi,
baya iku parayangan kamanungsan.
19. Wus celak matur anembah,
dhuh pukulun nila krami,
dhapur Wong Agung punapa,
parayangan punapa jin,

dene wonten ing ngriki,
tanpa wadya eca lungguh,
kalawan cahya tuwan,
nyirnakaken langen sabumi,
pundi angsal yen manusa kadi tuwan.

20. Ngandika Sang Narpaputra,
ingsun manusa sayekti,
bangsa Arab jinisingwang,
Wong Agung Surayengbumi,
kang puputra ing kami,
Putri Kelan ibuningsun,
ingsun iki kasasar,
apisah lan bala mami,
araningsun Pangeran Bakdingujaman.
21. Paparab Jaswadiputra,
iya Imankarnaeni,
dene kabeh balaningwang,
ana ing Rokam nagari,
lah sireku wong ngendi,
kang prapta ing taman iku,
ngungun matur tur sembah,
punika ngger Raja Putri,
punjulingrat putri adi Jamintoran.
22. Panengeraning kusuma,
Retna Julusulasikin,
putri punjul pramudita,
mila mring taman mariki,
nadar Sang Putri sakit,
ature kang para nujum,
siram taman Iskandar,
punika kang den lampahi,
mangke sampun paripurnaning waluya.
23. Wong kakalih matur nembah,
yen makoten kawula mit,

angger ngaturi uninga,
ing Gusti Rekyana Patih,
yen tuwan wonten ngriki
Wong Agung Ngarab satuhu,
Putra Kelan lingira,
iya sakarsanireki,
nora akon nora nyegah raganingwang.

24. Wong kalih lengser manembah,
sapraptanira ing jawi,
sami anitih turangga,
anander pakuwon prapti,
marek ing Gusti Patih,
anembah sarwi umatur,
Gusti wonten satriya,
kasasar langkung apekik,
datan wonten miribe wong Jamintoran.
25. Kapisah lawan kang bala,
bebereg aneng wanadri,
pukulun kang darbe putra,
Wong Agung Surayengbumi,
darah Ngarab sayekti,
musthikane para ratu,
kagyat Rekyana Patya,
nimbali mantri kakalih,
aturana kang angaku putra Ngarab,
26. Sandika kalih lumampah,
sapraptane awotsari,
ing ngarsane Narpaputra,
pukulun amba tinuding,
dene pun Bapa Patih,
ngaturi tuwan Pukulun,
ngandika Raja Putra,
nora nana sedya mami,
tetemua lawan Patih Jamintoran.

27. Kalamun ingsun pineksa,
nora kaparentah mami,
mring manusa Jamintoran,
iya tan atur upeksi,
apa gawe ngaturi,
pasthi nora gelem ingsun,
seba mring Jamintoran,
yen arep ingsun parani,
den kalahna dhingin kene payo aprang.
28. Lah warahen Gustinira,
si mamak Rekyana Patih,
mulat sumuk ingkang netya,
ngadeg brajaning rarai,
ajrih mantri kakalih,
ing runtike Raja Sunu,
lengser kalih tur sembah,
eram denira ningali,
sapraptane wau ngarsane apatya.
29. Umatur boten katuran,
malah kabaranang runtik,
ingsun nora duwe sedya,
tetemu lan si apatih,
tan arsa den aturi,
nora kaparentah ingsun,
lamun kudu ameksa,
kalahna ing aprang dhingin,
kawula jrih mulat dukaning satriya.
30. Kyana Patih Sidisalam,
sigra denira ngaturi,
prapta Raden Sadarkola,
angger punika amanggih,
inggih pakewed kedhik,
wonten putra Rab kalaut,
wonten kidul punika,

tan purun kula aturi,
yen pineksa kedah ken ngalahken ing prang.

31. Abagus datanpa sama,
milane angadi-adi,
punika marganing beka,
yen boten dipun kawruhi,
nadyan inggih satunggil,
wong Ngarab prange pinunjul,
punapa tur uninga,
ing Gusti Sang Raja Putri,
lamun wonten satriya bingung kasasar.
32. Angling Raden Sadarkola,
punika kakang Apatih,
yen kula dereng sembada,
ngaget-ageti Sang Putri,
kula jajal rumiyin,
ngaturi satriya iku,
